ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№155 (24.905) • 2025 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 27, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ

# ПІалъэ кІыхьым тещІыхьа къалэнхэр

**Урысейм и Президент Путин Владимир Кремлым щригъэкІуэкІащ Къэрал Советым и зэІущІэр. Ар теухуауэ щытащ къэралым и экономикэм и лэжьакІуэхэр гъэхьэзырыным. Зэхуэсым хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.**



Президентым къыхигъэщхьэхукІащ Урысейм технологие и лъэныкъуэкІэ бжьыпэр иІыгъын папщІэ ІэщІагъэлІхэм я Іэзагъэм мыхьэнэшхуэ зэриІэр. Абы жиІащ 2025 гъэм ирагъэжьа лъэпкъ проект 19-м ящыщу 8-р химие промышленностым, продукцэхэр къыщІэзыгъэкІ, энергетикэ, транспорт ІэнатІэхэм, зезыгъакІуэр зэрымыс жьыхулъатэхэр щІыным, ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, узыншагъэмрэ хьэршым теухуа лэжьыгъэхэмрэ технологие пэрытхэм зыщегъэужьыным зэрыхуэунэтІар.

Путин Владимир илъэси 10 – 15-м къриубыдэу зэфІэгъэкІын хуей къалэнхэр къигъэлъэгъуащ, абы къыдэкІуэуи къыхигъэщащ а зэманым технологиехэм, къэухь ІэрыщІым хуабжьу зэрызаужьынур. Абы зэхъуэкІыныгъэшхуэхэр хилъхьэнущ лэжьапІэ ІэнатІэхэр ятегуэшэнми ІэщІагъэлІхэр гъэхьэзырыным теухуа хабзэхэми.

УФ-м и Правительствэм и кІэм нигъэсащ егъэджэныгъэ ІэнатІэм 2036 гъэ пщІондэ зэрызрагъэужьыну щІыкІэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэр убзыхуныр. Абы псом хуэмыдэу гулъытэшхуэ щыхуащІ щІэблэм ІэщІагъэ егъэгъуэтыным, абы къыдэкІуэну фІагъ нэхъыщхьэри еджапІэ нэхъыщхьэхэмрэ колледжхэмрэ къэзыуххэм ІэнатІэ яІэнырщ.

Къэралым и Іэтащхьэр къытеувыІащ щІыналъэхэм я экономикэ жыджэрагъым хэгъэхъуэным хуэунэтІауэ абыхэм зыхуейхэр къыщызэгъэпэщыным. Гулъытэ хэха ягъуэт дзэ Іуэху хэхам и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ.

Апхуэдэуи мыхьэнэшхуэ иІэу къигъэлъэгъуахэм ящыщщ ІэнатІэ нэхъыщхьэхэм - энергетикэм, транспортым, мэкъумэшым, ухуэныгъэм, щэнхабзэм, узыншагъэр хъумэным - щылэжьэну щІалэгъуалэр а ІэнатІэхэм хуэгъэхьэзырыным пыщІа ІуэхущІапІэхэм я лэжьыгъэр тэмэму зэтеухуэным. Мыбдежым ахэр Іэмал имыІэу пыщІауэ щытын хуейщ зыхурагъаджэ ІэщІагъэхэр зиІэхэр щылажьэ ІуэхущІапІэхэмрэ хьэрычэтыщІэхэмрэ.

«Шэч хэмылъу, ди республикэри хуэхьэзыру щытын хуейщ Президентым зы гугъу ищІа зэхъуэкІыныгъэхэм, дэ а унэтІыныгъэхэм нэхъ тегъэщІауэ дылэжьэнущ», - щитхащ КІуэкІуэ Казбек МАХ-м щиІэ напэкІуэцІым.

# КъыдэхъулІахэм я нэхъыщхьэр

**УФ-м и Правительствэм и УнафэщІым и къуэдзэ Хуснуллин Марат иригъэкІуэкІа, Урысейм ит щІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ комиссэм и президиумым и кІэух зэІущІэм хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.**

УФ-м и Президент Путин Владимир къыхилъхьа къэрал проектхэмрэ «ГъащІэм хуэщІа инфраструктурэ» лъэпкъ проектымрэ фІыуэ къыдэкІуахэр къыщапщытэжащ зэІущІэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр лъэпкъ проектхэр нэхъыфІу щагъэзэщІа щІыналъипщІым язщ. Зи гугъу ящІа пІалъэм къриубыдэу республикэм школыщІэхэр къыщызэІуахащ, егъэджэныгъэм епха ІуэхущІапІэхэр зэрахьащ, илъэс къакІуэ иджыри еджапІэ корпус 54-рэ зэІузэпэщ ящІынущ.

Бахъсэн, Гундэлэн, Старэ Шэрэдж къуажэхэм сабий ІыгъыпІэхэр щаухуэн щІадзащ. Кэнжэ, Белэ Речкэ, Къубэ-Тэбэ, Светловодскэ, Красносельскэ, Дей, Старэ Шэрэдж, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэхэм амбулаторэщІэхэр къыщызэІуахащ. Бахъсэнёнкэ дэт библиотекэр зэрахьэн яухащ, Прохладнэм дэт Щэнхабзэмкіэ унэр зэІузэпэщ ящІын щІадзащ. ІэщІагъэлІхэр йолэжь Налшык щаухуэ, Лышхыр зэфыкІхэр щагъэхъуж диспансерым, ар илъэс къакІуэ яухыну я мурадщ.

КъБР-м проектышхуэхэри щызэфІах. Апхуэдэхэм хеубыдэ Бахъсэн псыр зэбгрызыгъэкІ бжьамийхэр зэрыщыщІалъхьэр, «Къарэ-Суу - Бабугент - Къэщкъэтау» псы зекІуапІэр зэраухуэр. Коммунальнэ инфраструктурэр къэгъэщІэрэщІэжын унафэм ипкъ иткІэ, цІыхухэм псы ялъэзыгъэІэс объект 15 яутІыпщынущ.

«Къалэхэр ущыпсэуну тынш щІын» проектымкІэ цІыху зекІуапІэрэ унэшхуэхэм къедза пщІантІэу 40 зыхуей хуагъэзащ. Зэрытыпхъэ мардэм хуагъэкІуащ гъуэгу 19, зэпрыкІыпІэ 42-рэ, автобус къэувыІэпІэ 71-рэ яухуащ. ПсэупІэ ухуэныгъэхэр, зрагъэхъулІэну я гугъам щІигъуу, процент 17,3-кІэ нэхъыбэ хъуащ. ЩІышылэ - щэкІуэгъуэ пІалъэм абы къызэщІиубыдащ метр зэбгъузэнатІэ мин 593-рэ.

«Марат Шакирзян и къуэм иджыри мурад куэд зэрыдиІэр къыхигъэщащ, - етх КІуэкІуэ Казбек. – КъыдэхъулІам я нэхъыщхьэщ цІыхухэм я псэукІэр зэрефІэкІуар».

Илъэс дызытехьэм лэжьыгъэхэм пащэнущ. Къалэн нэхъыщхьэхэм язщ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм къигъэщхьэпэ Іэмэпсымэхэр щІэкІэ зэхъуэкІыныр, псэупІэхэм зегъэужьыныр, уэрамхэмрэ гъуэгухэмрэ зыхуей хуэгъэзэныр, къалэхэм я зэфІэкІым хэгъэхъуэныр.



# Парламентым щагъэлъапІэ

**Хабзэ дахэ зэрыхъуауэ, КъБР-м и Парламентым ИлъэсыщІэм ирихьэлІэу щагъэлъэпІащ лэжьыгъэкІэ ехъулІэныгъэшхуэ зиІэхэр.**

ЗЭІУЩІЭХЭР къыщызэІуихым, республикэм и хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ къыхигъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностыр, мэкъумэшыр, туризмэр, гъуэгу ІэнатІэр кІуэ пэтми зэрефІакІуэм гу лъумытэнкІэ Іэмал зэримыІэр, абы пэшым щІэс дэтхэнэми и гуащІэ хэлъу къызэрилъытэр.

- Ди щІыналъэм и зыужьыныгъэм теухуа лэжьыгъэшхуэ иужьрей илъэсхэм йокІуэкІ, ІэмалыщІэхэр ди гъащІэм куэду къыхохьэ. Хьэрычэт Іуэху мащІэмрэ курытымрэ заубгъуащ. ЕхъулІэныгъэхэр щыдиІэщ экономикэм, щІыналъэм езым и хэхъуэхэр нэхъыбэ зэрыхъуам и фІыгъэкІэ, цІыхухэм я гъащІэр нэхъыфІ зыщІыну Іуэху куэд зэфІокІ - школыщІэхэр, сымаджэщхэр, поликлиникэхэр, щэнхабзэмкІэ ІуэхущІапІэхэр ухуэныр, щыІэхэр зыхуей хуэгъэзэныр, щІыпІэхэр зэІузэпэщ щІыныр, нэгъуэщІхэри, - жиІащ Егоровэ Татьянэ. - Нобэ къедгъэблэгъахэр а ехъулІэныгъэхэм холІыфІыхь, къыхэзгъэщыну сыхуейт дзэ Іуэху хэхам зи къалэн щызыгъэзащІэу къэзыгъэзэжахэри абыхэм зэрахэтыр. Гулъытэншэ тщІакъым ди спортсмен ныбжьыщІэхэри, дунейпсо мыхьэнэ зиІэ зэхьэзэхуэхэр къэзыхьыфахэр. Абыхэм ди республикэм и мызакъуэу, къэрал псом я пщІэр яІэтащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, зи гугъу сщІы спортсменхэр псори Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и тренер, КъБР-м и Парламентым и депутат Ахъмэт Амир и гъэсэну зэрыщытыр. Дэтхэнэ зыми фІыщІэ фхудощІ, фи ІэщІагъэм, Хэкум фыхуэпэжу, вгъэлъапІэу ІэнатІэ мытыншхэм фызэрыпэрытым щхьэкІэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщІыр пэшым щІэсхэм ехъуэхъуащ илъэсыщІэм ехъулІэныгъэщІэхэр яІэну, узыншэну, бэІутІэІуншэу езыхэри я Іыхьлыхэри псэуну.

КъБР-м и Парламентым а махуэм щагъэлъэпІащ дохутырхэр, егъэджакІуэхэр, щэнхабзэм, хъыбарегъащІэ ІэнатІэхэм, спортым я лэжьакІуэхэр, къалэ, къуажэ зэмылІэужьыгъуэхэм я Іэтащхьэхэр.

Хабзэубзыху ІуэхущІапІэм и ЩІыхь тхылъыр зыхуагъэфэщахэм ящыщу я цІэ къиІуапхъэу къыщІэкІынщ «Хэкум и хъумакІуэхэр» щІыналъэ фондым и унафэщІым и къуэдзэхэу Мзокъуэ Тембулэт, ПщыхьэщІэ Зульфия, Шормэн Алим сымэ, ІуэхущІапІэм и щІыналъэ координаторхэу Къазий Заремэ, ПщыхьэщІэ Ахьмэд, Федоренкэ Александр. Ахэр зэпымыууэ ядоІэпыкъу дзэ Іуэху хэхам щыІэхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ, жыджэру республикэм и гъащІэм хэтщ.

*(КІэухыр 1- нап.)*



# Анэдэлъхубзэм цIыкIухэр драгъэхьэх

**Узыпэрыт IэнатIэр фIыуэ плъагъумэ, еш уимыIэу абы гукIи псэкIи уетауэ улажьэмэ, ехъулIэныгъэфIхэри къэрал дэIэпыкъуныгъэи къызэрыпэкIуэнум и щапхъэщ «Адыгэ цIыкIу» центрым и къызэгъэпэщакIуэ, адыгэбзэр, лъэпкъ щэнхабзэр, хабзэр хъумэным, хуэфащэ пщIэрэ гулъытэрэ хуэщIыным хуэлажьэ Къармэ Iэсият. Абы иджыблагъэ къыхуагъэфэщащ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и грантыр.**

IЭСИЯТ къызыхэкIам, адыгэ лъэпкъым и щIэинхэм пыщIэныгъэ быдэ хуиIэу къогъуэгурыкIуэ. А псори щIэблэм я деж нэхьэсыным, анэдэлъхубзэр цIыкIухэм егъэщIэным и мыхьэнэр фIыуэ зыхэзыщIэ бзылъхугъэм и гуащIэ емыблэжу а IэнатIэм пэрытщ илъэситхум щIигъуауэ. Зи ужь ит Iуэхур къехъулIэн папщIэ, дауи, мылъку текIуэдэнут. АбыкIэ дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуащ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэр. Грантыр Iэсият и дежкIэ дэIэпыкъуныгъэ къудейкъым, атIэ уасэншэу къелъытэ зыпэрыт Iуэхум и мыхьэнэр къазэрыгурыIуэр, абы лъэпкъыр зэрыхуэныкъуэр. Къэралым зэрызыкъыщIигъэкъуам и фIыгъэкIэ, Къармэм хузэфIэкIащ Iуэхум нэхъри зригъэубгъун, и лэжьыгъэм сабий нэхъыбэ къыхишэн. Ар и зы щапхъэщ къэрал программэхэр цIыхубэм, жылагъуэм, щIэблэм я зыужьыныгъэм, лъэпкъ щэнхабзэм и щIэинхэр хъумэным хуэщIа Iуэхухэр гъэкIуэтэным зэрыхуэщхьэпэфым.

- Нэгъабэ КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа зэпеуэм къыщытхьа грантым и фIыгъэкIэ, цIыкIухэр щедгъаджэ пэшхэм дызыхуэныкъуэ Iэмэпсымэхэр щыдгъэуващ, адыгэбзэкIэ логопед азбукэ къыдэдгъэкIащ. КъищынэмыщIауэ, Кавказым ис лъэпкъхэм я зэпеуэм дыщытекIуэри, «Росконгресс» фондым и «Вершина» урысейпсо саугъэтыр къэтхьащ. Абыи Iэмал къыдитащ хьэрычэтыщIэхэм, ди лэжьэкIэм кIэлъыплъхэм, зыкъытщIэзыгъакъуэхэм я пащхьэм ди зэфIэкI щыдгъэлъэгъуэну. Гуапэщ ди хъуэпсапIэхэм дазэрылъэIэсыфыр, - жеIэ Къармэ Iэсият.

«Адыгэ цIыкIу» центрыр нобэ гупжьей къудейкъым, атIэ адыгэ щэнхабзэм ипкъ иткIэ сабийхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зыщрагъэужь IуэхущIапIэщ. Центрым йокIуалIэ илъэситIым щыщIэдзауэ илъэс пщыкIух ныбжьым итхэр. Ахэр гупу е щхьэхуэу адыгэбзэм хурагъаджэ. Хъыджэбз цIыкIухэр - IэпэIэсагъэм, щIалэ цIыкIухэр – IэпщIэлъапщIагъэм щыхуагъасэ, шыкIэпшынэм дихьэххэр абы еуэфу ягъасэ. Анэдэлъхубзэр фIыуэ зыщIэ IэщIагъэлIхэр щIэхщIэхыурэ центрым ирагъэблагъэурэ дерсхэр ирагъэт.

- «Адыгэ цIыкIу» логотипыр сэр-сэру сщIащ. Сегупсысри, цIыхур еплъмэ нэхъ игу ириубыдэн папщIэ сыт къыщызгъэлъэгъуэн жысIэри, унэ цIыкIур къезэгъыу къэслъытащ. Бзэ дапщэ пщIэми ар IункIыбзэщ, бжэ гуэр къыпхузэIузыхщ. Аращ абы щIэлъ гупсысэр. И хэку и куэщI исыжыну е хамэ хэку щыпсэуну къыхуихуэми, хамэ къэрал зыплъыхьакIуэ кIуэми, цIыхум бзэр ищIэмэ тыншщ. Ауэ уи анэдэлъхубзэр пхъумэжын зэрыхуейр зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. Аращ а унэ цIыкIумкIэ къэзгъэлъэгъуа гупсысэр, - жеIэ Iэсият. - Сыхуейщ адэкIи зыдубгъуну, зыдужьыну, ди деж къекIуалIэхэм я бжыгъэм къыхэхъуэну. Нэхъыщхьэращи, сабийхэм дамыгъэхуу, яфIэфIу къокIуалIэ. Я бынхэр анэдэлъхубзэм зэрыдихьэхыр нэхъыжьхэми я гуапэщ. КъызэрыслъытэмкIэ, бзэ куэд пщIэныр фIыщ, ауэ а псом япэр уи бзэрщ. Иджырей щIалэгъуалэм я гъуэгур зэIухащ: еджапIэ е лэжьапIэ IуэхукIэ дэни кIуэфынущ. ДэнэкIэ ягъазэми, дэнэ щIыпIэ къыщыхутэми, я бзэр, я хабзэр ящIэжу, хамэхэм ахэр къыдалъагъуу щытмэ, ар къазэрыщхьэпэнум шэч хэлъкъым. Сабийр цIыкIуху ахэр яхэплъхьэмэ, абыхэм дебгъэхьэхмэ, езыхэми къащIэхъуэну щIэблэр а псом хуагъэсэнущ. КIэщIу жыпIэмэ, бзэщIэкъу, хабзэ мыгъэкIуэд жыхуаIэ щIэблэм хуэдэ диIэну, а Iуэхум адэкIи къыпащэну сащогугъ.

«Принт-центр» тхылъ тедзапIэр зи унафэм щIэт, «Адыгэ цIыкIу» эмблемэм и сурэтышхуэр яхуэзыщIа Бекъул Леонид «адыгэмэ зыщыуа» тетрадхэр къагъэсэбэпыну тыгъэ къащыхуищIым, Iэсият куэдрэ мыгупсысэу сабийхэм я къуажэм, къалэм, щIыпIэм теухуа усэ къеджэнымкIэ, псынщIэрыпсалъэ жаIэнымкIэ зэпеуэхэр къызэригъэпэщри къыхэжаныкIахэм а тетрадхэмкIэ яхуэупсащ. Щыпсэу щIыпIэми емылъытауэ, гупыж зыщI дэтхэнэ зы адыгэ цIыкIури зэхьэзэхуэм хэтыну къригъэблэгъащ. Интернет напэкIуэцIым зэпеуэм хэтхэм къагъэхьа видеохэр кърилъхьэурэ хэIущIыIу ищIащ икIи Iэ нэхъыбэ зыхуаIэтахэр текIуауэ къалъытащ. Зэхьэзэхуэм хэта псори ягъэлъэпIащ. Апхуэдэ зэпеуэхэм дяпэкIи къыпищэну, сабий нэхъыбэ и лэжьыгъэм къыхишэну и мурадщ.

ЗэрытщIэщи, иджырей сабийхэр къыдэхьэхыгъуафIэкъым. Ар къилъытэурэ, Iэсият и лэжьыгъэм къыщегъэсэбэп Iэмал, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэр, сабийхэр нэхъ тегушхуауэ я бзэм зэрырипсэлъэфыным хуэщIахэр. ЕгъэджакIуэхэр и гъусэу, дерсхэр еубзыху. Ахэр сабийхэм щIэщыгъуэ ящыхъун хуэдэу къагупсысурэ къызэрагъэпэщ. АдыгэбзэкIэ зэпсалъэурэ мэджэгу, усэ зэрагъащIэ, диктант ятх, макъамэхэм йодаIуэ, къофэ, хабзэм теухуа Iуэхугъуэхэм гулъытэ хуащI. КIэщIу жыпIэмэ, сабийхэр темызашэу нэхъ гъэщIэгъуэну я зэманыр зэрагъэкIуэным хущIокъу.

Налшык къалэм и сабий гъэсапIэ №38-м къыдэкIуэу, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Дельфин» центрми психологыу щылажьэ Iэсият и лъэпкъэгъухэмрэ и анэдэлъхубзэмрэ яхуиIэ лъагъуныгъэрщ и ехъулIэныгъэхэр зи фIыщIэр, ар ипэкIэ зыгъэкIуатэр. Адыгэбзэр сабийхэм егъэщIэным, лъэпкъ щэнхабзэм щыгъэгъуэзэным и мызакъуэу, абы цIыкIухэр къызыхэкIам, я лъабжьэм иригушхуэу къегъэхъу, заужьыну трегъэгушхуэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# ЩытыкIэ гугъухэм полъэщ

**Дыгъэгъазэм и 27-р Урысейм и КъегъэлакIуэм и махуэщ. Нобэ илъэс 35-рэ ирокъу Урысейм Къызэрымыкlуэ щытыкIэхэмкIэ и министерствэр.**

А ЛЪЭХЪЭНЭМ IэнатIэр зэтеуващ, дэIэпыкъуэгъу хъуну хьэзыр цIыхухэм я лIыгъэмрэ IэщIагъэмрэ я дамыгъэ хъуащ. Нобэ Урысей МЧС-р сыт хуэдэ щытыкIэ гугъуми зэпэщу бгъэдыхьэф IэнатIэ лъэщщ.

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм екIуу зэфIегъэкI къызэрымыкIуэ щытыкIэхэр къэмыгъэхъунымрэ апхуэдэхэм я лъэужьыр гъэкIуэдыжынымкIэ я къалэнхэр.

IэнатIэм и лэжьакIуэхэр махуэ къэс, я гъащIэм емыблэжу, пэрохьэ цIыхухэр мафIэсхэм, псыдзэхэм, щIы хъейхэм, нэгъуэщI къызэрымыкIуэ щытыкIэхэм къыщегъэлыным.

ЛэжьакIуэхэм я псэемыблэжагъыр къыщагъэлъагъуэ дэтхэнэ Iуэхуми. А IэщIагъэм ирилажьэхэм я хьэл-щэным щынэхъыщхьэр къызэрымыкIуэ щытыкIэхэми нэгъуэщIхэми деж зэщIэкъуауэ, мыгужьейуэ я къалэнхэр ягъэзэщIэнырщ. Дэтхэнэми къыгурыIуэ IэщIагъэм пылъ шынагъуэр, ауэ цIыхухэм ядэIэпыкъуну зэрыхуейр япэ ирагъэщ. Абыхэм псом хуэмыдэу кууэ зыхащIэ жылагъуэм деж щаIэ жэуаплыныгъэшхуэр, хуэныкъуэ дэтхэнэми зыщIэгъэкъуэным хуэхьэзыру щытын зэрыхуейр.

Нобэ IэнатIэм игъэлъапIэ юбилейм дигу къегъэкIыж махуэ къэс ди къэралым и дэтхэнэ цIыхуми и гъащIэм хуэсакъхэм яхуэфащэ гулъытэ яхуэщIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

Къызэрымыкlуэ щытыкIэхэмкIэ министерствэм щылажьэхэм мы махуэм псалъэ дахэ хужаIэ, щIыхь тхылъхэмрэ дипломхэмрэ ират, цIэ лъапIэхэр хуагъэфащэ, хъуэхъу телеграммэхэм къахуоджэ.

ФIыщIэ фхудощI фи лIыгъэм, Iуэхум фызэрыхуэпэжым папщIэ.

**УЭРДОКЪУЭ Женя.**



## Мы махуэхэм

**Дыгъэгъазэм и 27,** ***щэбэт***

♦**УФ-м щагъэлъапIэ КъегъэлакIуэм и махуэр**

♦**1932 гъэм** СССР-м и ЦIыхубэ комиссархэм я советым и ГъэзэщIакIуэ комитет нэхъыщхьэм унафэ къищтащ къэралым и цIыху балигъ псоми паспорт яIэн икIи дэтхэнэри щыпсэу щIыпIэм щатхауэ щытын зэрыхуейм теухуа унафэр.

♦**1938 гъэм** СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэр гъэувыным теухуа Унафэ къищтащ.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ литературэдж, критик, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессору, ЩIДАА-м и академикыу щыта, КъБР-м, АР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **ХьэкIуащэ Андрей**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артист **Къэжэр Борис**.

♦**1976 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Бемырзэ Зураб**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэс къыщесынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градуси 3 - 5 щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм бали 4-кIэ зихъуэжынущ.

**Дыгъэгъазэм и 28,** ***тхьэмахуэ***

♦**Кином и дунейпсо махуэщ**

♦**Кинематографым и махуэщ**

♦**1959 гъэм** Налшык къыщызэIуахащ телемеханикэ аппаратурэ къыщыщIагъэкI завод.

♦**1968 гъэм** Мейкъуапэ иIэ Зэныбжьэгъугъэм и утыкум «ИгъащIэкIэ Урысейм дыщIыгъуу» фэеплъыр къыщызэIуахащ.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градуси 4 - 6 щыхъунущ.

**Дыгъэгъазэм и 29,** ***блыщхьэ***

♦**1916 гъэм** къалъхуащ Совет Союзым и ЛIыхъужь **Къардэн Мурат**.

♦**1929 гъэм** къалъхуащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБАССР-м щIыхь зиIэ и дохутыр **ЩоджэнцIыкIу Еленэ**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Гъэунэ Борис**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ Сирие армэм и генерал-полковник, СхьР-м и ракетэдзэхэм я командующэу щыта **Исхьэкъ (Джырандокъуэ) Хъусен**.

♦**1959 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, ЩIДАА-м и член-корреспондент **Шымэзокъуэ Мусэ**.

♦**1962 гъэм** къалъхуащ тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Мэкъуауэ Амир**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щIыIэр градуси 3 - 6 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**

**Зи нэхъыжь зымылъытэм и щхьэ илъытэжкъым.**




# ЩIэныгъэми адыгагъэ щыпхузехьэнущ

Ди псэлъэгъухэр

*ЦIыхубэм я гупэр щIэныгъэм хуэгъэзарэ я щыIэныгъэр абы къыхэкI фIыгъуэхэмкIэ зэрагъэкIуэмэ, ехъулIауэ аращ. Апхуэдэм ифI зэкIыр и щхьэ къудейракъым, атIэ лъэпкъыр пщэдейрей махуэм зэрыхуэкIуэ гъуэгур, псыпэр пхреш. Арыххэуи, а псыпэр жэуэрэ псышхуэ мэхъу. ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академиер псыпэ цIыкIуурэ зэхэлъэдэж псышхуэм изогъэщхь, щыIэ щIэныгъэр зэригъэуIуу, щIыщыIэ лъэпкъым и пащхьэ екIуу ирилъхьэжыфу зэрыщытым щхьэкIэ. Академием и щыIэкIэм, и лэжьэкIэм, зыхуигъэувыж пщэрылъхэм ятеухуауэ иджыблагъэ депсэлъылIащ ЩIДАА-м и щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ, биологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор ЩХЬЭГЪЭПСО Сэфарбий. А зэпсэлъэныгъэр «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ идолъхьэ.*

**- Сэфарбий, ЩIДАА-м и лэжьыгъэр иужьрей илъэсхэм зыхыумыщIэнкIэ Iэмал имыIэу щIэхуэбжьащ, иригъэкIуэкI Iуэхугъуэ щхьэпэхэм щIэх-щIэхыурэ ирипсалъэу урохьэлIэ. Ди щIэджыкIакIуэхэм яфIэгъэщIэгъуэнщ, къыщыщIэупщIи щыIэщ ЩIДАА-м и лэжьыгъэм. Абы укъытхутепсэлъыхьамэ, ди гуапэт.**

- ДызэрыщыгъуазэщI, блэкIа лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм хэгъэгум щекIуэкIа демократие зэхъуэкIыныгъэхэм къадэкIуа Iуэхугъуэхэм ящыщщ щэ бжыгъэкIэ къызэIуахыгъауэ щыта щIэныгъэ зэгухьэныгъэхэр. Нэхъыбэр зэхуащIыжами, лэжьыгъэ щхьэпэ кърахьэлIэу нобэкIэ къэнэжахэм пщIэ яIэу щIэныгъэхэмкIэ академие зыбжанэ зэрахэтыр къыхэгъэщын хуейщ: Урысейм экологиемкIэ и академиер, Урысейм щIэныгъэ гуэдзэмкIэ и академиер, Урысейм естественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академиер, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэу къэралым и мылъкукIэ хъарзынэу мэлажьэ Якутием, Тэтэрстаным, Башкирием, Шэшэным я лъэпкъ академиехэри.

ЩIДАА-р 1992 гъэм шыщхьэуIум и 23-м Нэхущ Iэдэм зи пашэ щIэныгъэлI гупым я жэрдэмкIэ къызэIуахри, лъэпкъым и щIэныгъэлI пашэхэр, къэрал икIи жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэхэр зэкъуигъэуващ. ЩIДАА-р илъэсипщI щрикъум ирихьэлIэу Мейкъуапэ щекIуэкIа зэхуэсым КъБР-м и япэ президент КIуэкIуэ Валерэ щIэныгъэ хасэм куэдкIэ зэрыщыгугъыр къыхэщу «лъэпкъым и куцIкIэ» еджат, дэнэ щIыпIэ щыпсэуми, адыгэцIэ зиIэ щIэныгъэлэжьхэр зэгухьэу лъэпкъым ифI зыхэлъ Iуэхугъуэхэр Хэкум хузэфIагъэкIынуи къыхуриджат.

Хъарзынэу зэтеува жэрдэмыр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу зэ щIэужьыхами, ЩIДАА-р къызэтенащ, тхыдэм и архъуанэм ирихьакъым. ЭкономикэщIэныгъэхэмкIэ доктор, академик, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым и сенатор Къанокъуэ Арсен ЩIДАА-м и унафэр щыIэщIалъхьэм, щIэныгъэ хасэм пщэрылъ зыщищIыжа Iуэхугъуэхэр къаIэтыжу, унэтIыныгъэ щхьэхуэхэмкIэ лэжьыгъэр къэщIэрэщIэжу хуежьащ. Япэрауэ, академием и Уставыр къэрал хабзэхэм хуагъэкIуэжащ. ЕтIуанэрауэ, абы и ехъулIэныгъэхэр, зыIууа гугъуехьхэр, ужьыхыпэным нэзыгъэса щхьэусыгъуэхэр къэзытIэщIыж тхылъхэр зэхуэтхьэсыжри, «ЩIДАА: дэфтэрхэр щыхьэт тохъуэ» зэужьыр философие щIэныгъэхэмкIэ доктор ЛIэужь Iэдэмрэ сэрэ къыдэдгъэкIащ, зы лъэныкъуэкIэ укъыбгъэдыхьэмэ, щIэныгъэ хасэм и тхыдэр зэфIигъэувэжу, нэгъуэщI лъэныкъуэкIи, «зыгъэлъэпэрэпа» щхьэусыгъуэхэр къиихутэкIэрэ, и щыуагъэхэм дерс къыхригъэхыу. А IуэхугъуитIыр зыхуей хуэза нэужьщ ЩIДАА-р адыгэ дунейм и щIэныгъэ центру къыщIалъытэ къэхутэныгъэ, узэщIакIуэ, псапащIэ жэрдэмхэр къыхилъхьэу икIи ахэр гъащIэм хипщэу щыщIидзар.

ЩIДАА-м гулъытэшхуэ хуещI лъэпкъ щIэжыр къэзыIэт, адыгэбзэм, IуэрыIуатэм, литературэм, тхыдэм теухуа къэхутэныгъэхэм, ахэр тхылъ щхьэхуэу къыдэгъэкIыжыным. Къанокъуэ Арсен и интервьюхэм языхэзым щыжиIащ: «ЩIДАА-м и президенту сыщIэувар щIэныгъэм, щэнхабзэм, бзэм зегъэужьыныммкIэ щхьэпэ сыхъуххэнумэ, псалъэкIэ, мылъкукIэ, чэнджэщкIэ, IуэхукIэ лъэпкъым зыщIэзгъэкъуэну аращ. ЩIДАА-м и Президиумыр абы и пащхьэ къралъхьа лэжьыгъэхэм хэплъэрэ ахэр адыгэхэм я пщIэр зыIэтын, щIэныгъэр ипэкIэ зыгъэкIуэтэну къалъытэмэ, хуаутIыпщыну мылъкум сыщысхьыркъым». Жылагъуэм ЩIДАА-м къыдигъэкI тхылъхэм мыхьэнэ зэраритыр къапщIэу, я хъыбарыр зэуэ



зэлъащIыс, щIэупщIэ ин дыдэ ягъуэт.

Сыт хуэдэ лэжьыгъэри зи гуащIэ дэкIыр цIыхурщ. ЩIДАА-м хэтхэр зи щIэныгъэр лъэпкъым еш ямыIэу хуэзыгъэлъащэ защIэщ. ЩIэныгъэ хасэм и дэфтэр куэд зэрыкIуэдам къыхэкIыу, илъэс зэхуэмыдэхэм академием къыхагъэхьахэм я цIэунэцIэхэр зырызыххэурэ зэфIэдгъэувэжын хуей хъуащ. Псори зэхэту абы цIыху 438-рэ хагъэхьат. НобэкIэ хэтыр цIыху 290-рэ мэхъу, абыхэм ящыщу 224-р и академикщ, 66-р член-корреспондентрэ щIыхь зиIэ академикхэрэщ. Къэзгъэлъэгъуэнут ди академикхэм ящыщхэр мымащIэу Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием, ЕгъэджэныгъэмкIэ и академием, Художественнэ щIэныгъэхэмкIэ и академием зэрадэлажьэр, гъунэгъу щIыналъэхэм я академиехэми зэрапыщIар. Абы укъызэщIеIэтэ: ди цIыху пажэхэм я зэфIэкIхэр къалъытэ, щIэныгъэ дунейм пщIэ щаIэщ.

УзыщIэупщIа Iуэхугъуэм и жэуапу иджыри къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт ЩIДАА-м и лэжьыгъэр АР-м, КъБР-м, КъШР-м, Абхъазым я мызакъуэу, адыгэхэр щыпсэу нэгъуэщI щIыналъэхэми зэрыщызэлъащIысар. Абы ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. ЩIДАА-м и секретарь нэхъыщхьэ къалэныр си пщэ къызэрыдалъхьэрэ сыхущIокъу ди IуэхущIафэхэр цIыхубэм я деж нэзыхьэс хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм садэлэжьэну. Абы и фIагъ къызэрыкIуэм шэч хэлъкъым: ди лъэпкъэгъухэр къыткIэлъоплъ, ди лэжьыгъэм къыщIоупщIэ. ФIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейт зи нэIэ къыттезыгъэт, «Адыгэ псалъэ» газетым и корреспондент Фырэ Анфисэ, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и корреспондент Бэрбэч Борис, КъБР-м и къэрал радиом адыгэ нэтынхэр гъэхьэзырынымкIэ и къудамэм и лэжьакIуэ Жыгуэ Иннэ сымэ. Иужьрей мазэ 11-м къриубыдэу ЩIДАА-м и лэжьыгъэр къэзыгъэлъагъуэ тхыгъэу 20-м нызэрыхьэс, радиотеленэтыну зыбжанэ ягъэхьэзыращ.

**- ЩIДАА-р жылагъуэ зэгухьэныгъэщ. Апхуэдэу щытми, и фIэщыгъэм къызэрыхэщщи, щIэныгъэ дунейм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ. ЩIэныгъэ икIи жылагъуэ мыхьэнэ яIэу сыт хуэдэ жэрдэмхэр къыхилъхьа академием иужьрей зэманым, абыхэм сыт къарикIуа?**

- Нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIа жэрдэмхэм ящыщу къызолъытэ адыгэбзэм епха Iуэхугъуэ зэхэмыбзхэр къыщаIэт Iэнэ хъурей къызэрызэдгъэпэщыфар. Бзэр щытыкIэ хьэлъэ зэритыр нахуэщ, ар псоми ди зэхуэдэ гуныкъуэгъуэщ. ТхузэфIэкIыр дымыщIэмэ, ар тIэщIэхупэнкIэ шынагъуэщ. Iэнэ хъурейм къекIуэлIахэм языхэзми адыгэбзэр щыIэн папщIэ лэжьыгъэ ин ирегъэкIуэкI. Iуэху еплъыкIэ зэмыщхьхэр щыIэми, псори зэкIуэлIэжыр зыщ - Адыгэбзэ ФIэщыгъэубзыху Хасэ къызэгъэпэщауэ, бзэм и къабзагъым кIэлъыплъ, абы къыхыхьэ псалъэщIэхэмрэ фIэщыгъэхэмрэ убзыхуныр зи нэIэ щIэт гуп зэхэшэнырщ. ЗэIущIэм ипкъ иткIэ къэрал унафэщIхэм яхуэгъэза тхыгъэхэр дгъэхьэзыращ, къэтIэта Iуэхугъуэхэр адэкIэ дгъэкIуэтэн ди гугъэщ.

ЗэрыжысIащи, ЩIДАА-м и лэжьыгъэр щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм къыщекIуэкI къэхутэныгъэхэр хэIущIыIу щIыным теухуащ. Ди щIэныгъэлэжьхэм я гуащIэдэкIыр «ЩIДАА-м и щIэнхутэхэм» къытохуэ, монографие щхьэхуэхэр къыдыдогъэкI. Къэзгъэлъэгъуэну сыхуейт Щоджэн Iэсхьэд и «Адыгэхэр», «ТекIуэныгъэм и дзэзешэ», «Кавказыр хуит къызэращIыжар» монографиехэр. Мы лэжьыгъэхэр зытеухуар блэкIам и пэжыр щIэблэм ябгъэдэлъхьэжынырщ, я къэухьым зегъэужьынырщ. Илъэс зыбжанэкIэ щIэныгъэлI гуп зэлэжьа «Нартхэр» адыгэ лIыхъужь эпосыр тхылъиплI хъууэ ЩIДАА-м къызэрыдигъэкIыжари жэрдэм щIагъуэхэм ящыщщ. УзыщыгуфIыкI хъуну Iуэхугъуэхэм яхэплъытэ хъунущ ЩIДАА-м щIыхь зиIэ и академик, адыгэ цIыхубэ тхакIуэ, ГуащIэдэкIым и ЛIыхъужь МэшбащIэ Исхьэкъ иджыблагъэ КъБР-м литературэмрэ гъуазджэмкIэ и Къэрал саугъэтыр къызэрыхуагъэфэщар. Апхуэдэу ЩIДАА-м и Президиумым Анчабадзе Юрэрэ Абазэ Алексейрэ зи редактору щыта «Адыгэхэр» монографиемрэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIыгъэ дуней» зи фIэщыгъэ си лэжьыгъэмрэ КъБР-м ЩIэныгъэмрэ техникэмкIэ и Къэрал саугъэтым хуигъэлъэгъуащ. Куэд дыдэ пхужыIэнущ, ущIэгушхуэ хъун жэрдэмхэм я щапхъэ Iэджи къыпхуэхьынущ. Нэхъыщхьэр жэрдэмыр псалъэу къэмынэу IуэхукIэ зэфIэгъэкIа зэрыхъурщ, абы дяпэкIи дыхущIэкъунущ.

**- НэгъуэщI зы Iуэхугъуэми и гугъу уэзгъэщIынут, Сэфарбий. ЩIДАА-м и иужьрей зэхуэсхэм ящыщ зым къыщыхалъхьэри, «Адыгэхэр-2040» дэфтэрым шэщIауэ щрипсэлъащ. Сыт хуэдэ гупсысэ а дэфтэрым и лъабжьэ щIэлъыр, ар къыхалъхьэныр сыт къызыхэкIар?**

- Зи гугъу пщIы дэфтэрыр зи гукъэкIыр ЩIДАА-м и унафэщI Къанокъуэ Арсенщ. Абы къызэщIеубыдэ бзэм, щэнхабзэр, тхыдэр хъумэным икIи зегъэужьыным теухуауэ унагъуэхэм, курыт еджапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, къэралым ялэжьын хуей Iуэхухэр. Тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Къэжэр Артур я пашэу къызэдгъэпэщри, «Адыгэхэр-2040» концепцэм гуп елэжьащ. Дэфтэрым хэлъхьэжын хуей Iуэхугъуэ зыбжанэ щыIэщ, ауэ зэIубз хъуащ абы едзыгъуипщI зэриIэнур, пщэрылъхэмрэ мурадхэмрэ елъытауэ, унэтIыныгъэ къэс лэжьыгъэ пыухыкIахэр къызэрызэщIиубыдэнур. А дэфтэрым къыкIуэну дызыщыгугъыр зыщ - адыгэхэм я лъэпкъ щIэжыр къэIэтынырщ. Мыхьэнэ зиIэщ дэфтэрым къигъэув Iуэхухэри щызэщIэн хуей пIалъэхэр, ахэр зи пщэ дэлъынухэр, къыкIуэну дызыщыгугъхэр убзыхуныр. УФ-м и Президентым псэкупсэ-щэнхабзэ лъапIэныгъэхэмрэ тхыдэ щIэныгъэмрэ ятеухуауэ къыдигъэкIа унафэхэр тегъэщIапIэфIу диIэщ. АдэкIэ кIуапIэхэр къэдгъуэтыжын хуейуэ аращ.

**- «Адыгэхэр-2040» концепцэм къызэщIиубыда Iуэхугъуэхэм куэдым урагъэгупсыс. Абыхэм язщ бзэм и Iуэхур. Къэрал хабзэхэм «щхьэж и анэдэлъхубзэр иджыжыну хуитыныгъэ иIэщ» жаIэ хуэдэщ. Арами, щыIэ щытыкIэм арэзы укъищIынкIэ Iэмал иIэкъым. Сыт хуэдэ хэкIыпIэ щыIэу плъагъур, Сэфарбий?**

- Лъэпкъыбзэхэр къызэтенэным и IуэхукIэ къэралми жылагъуэми зэхуэдэ жэуап яхь. ЕджапIэм зы сыхьэт е сыхьэтитI бзэм щыхухэпхкIэ, ар пхуэхъумэнукъым. Апхуэдэуи пэщIэдзэ еджапIэр зэрыщыту анэдэлъхубзэм тепшэкIи, къикIын щIагъуэ щыIэкъым. IэщIагъэм ирилажьэхэри щIэныгъэм хэтхэри дызэгъусэу щIэнIуатэ зыбжанэ едгъэкIуэкIащ, ауэ и чэзу хъуауэ къызолъытэ анэдэлъхубзэхэр еджапIэхэм зэрыщрагъэдж щIыкIэм бгъэдыхьэкIэщIэхэр ехьэлIэн хуейуэ: тхылъыщIэхэр зэхэгъэувэным къыщымыувыIэу, ныбжьыщIэхэм псынщIэу къапхъуатэ иджырей технологие Iэмалхэри шэщIауэ къэгъэIурыщIэн хуейщ. Университетхэм «Урысыбзэмрэ урыс литературэмкIэ, лъэпкъыбзэмрэ лъэпкъ литературэмкIэ» IэщIагъэлIхэр лъэпкъ кафедрхэм ирагъэгъэхьэзыру щытат. Ар IуэхущIэкIэ щхьэпэт, щIэрыщIэуи къэIэтыжыпхъэт. ЕгъэджэныгъэмкIэ къэрал мардэхэм (ФГОС) апхуэдэ Iэмалхэр къитыжыркъым жызыIэн щыIэнщ, ауэ къыхэзгъэщынут ар щытыкIэ щхьэхуэхэм къыщыгъэсэбэпын хуей Iэмэпсымэу фIэкIа, къэрал хабзэу зэрыщымытыр. ДызыхуэкIуар аращи, анэдэлъхубзэхэмкIэ егъэджакIуэхэр тхурикъуркъым, ар зыгъэхьэзырыфын КъБКъУ-р диIэ пэтми. Лъэныкъуэ псори зэдэмылажьэмэ, бжьиз пхуэкIунукъым. Лъэпкъым ифI зыхэлъыр япэ зэригъэщыпхъэр къыдгурыIуэмэщ дыщыкIуэтэнур.

**- Ди лъэпкъэгъухэр егъэгушхуэ купщIэ зиIэ лэжьыгъэфIхэр дунейм къытехьэным ЩIДАА-м и гуащIэ зэрыхилъхьэм. Иужьрей илъэс зытIум къыдэвгъэкIа тхылъхэм я гугъу уэзгъэщIынут.**

- Къыхэзгъэщыну сыхуейт къыдэдгъэкI тхылъхэр щIэщыгъуэ защIэу зэрыщытыр. IэщIагъэлIхэм я къэхутэныгъэхэр щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэкIэ дунейм къытемыхьэурэ екIуэкIащ. Зихуэдэ щымыIэу къысщохъу ЛIэужь Iэдэм и «Адыгэ Хабзэ» тхылъыр, усэ зимыIэщ Бейтыгъуэн Сэфарбий и «Адыгэхэмрэ Урысеймрэ» щIэнгъуазэр. ТхылъитIми дбгъэдэлъ щIэныгъэм къыхагъахъуэ, ди зэхэщIыкIым зрагъэужь. Дзэ Iуэху хэхам теухуауэ тхылъищ хъу усыгъэ зэужь къыдэдгъэкIащ, зэуапIэм ит щIалэхэм я хахуагъэр къыхэщу.

Хьэлэмэтщ ЗэрамыщIэ Заретэ и «Лъахэ уэрэдхэр». Макъамэ зэужьым щыщу тхылъиплI къыдэкIащ, етхуанэр тедзэным хуагъэхьэзыр. Зы бзылъхугъэ къарукIэ тхылъхэм щызэхуэхьэса хъуащ адыгэхэм я макъамэ щэнхабзэм и хъугъуэфIыгъуэхэр, абдеж пшыналъэрэ уэрэду щызэкIэлъыхьами уэрэдыпкъхэр ящIыгъужщ. Тхылъ 15 хъууэ дунейм къытехьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэр» зэужьыр. Сызипашэ щIэныгъэлэжь гупым яхузэфIэкIащ зы щIыналъэм и щIыуэпсым хэлъ щхьэхуэныгъэ псори къатIэщIын, щIэныгъэм и шыбзэм щIагъэкIыу щIэнгъуазэ хьэзыру зэхагъэувэн. Адыгэхэм дежкIэ узыфIэмыкIыжын мыхьэнэ яIэщ «Нартхэм». ЩIэныгъэ бгъэдыхьэкIэм тету къыдэдгъэкIыжа тхылъиплIым етхуанэу къэплъытэ хъунущ Гъут Iэдэм «Нартхэ я дыщэ жыг» зыфIища тхылъри. ЩIДАА-м и мылъкукIэ къыдэкIа а тхылъ цIыкIум IэщIагъэлIми, щIэныгъэлIми, цIыху къызэрыкIуэми нартхэм ятеухуауэ зыгъэпIейтей сыт хуэдэ упщIэми я жэуапыр кърахыфынущ. Щхьэхуэу къэзгъэлъэгъуэнут Половинкинэ Татьянэ и къалэмыпэ къыщIэкIа «Си Шапсыгъ лъахэ» зэужьыр. Шапсыгъ автоном щIыналъэр къызэрызэрагъэпэщамрэ зэрызэхакъутэжамрэ я тхыдэ пэжыр къызыхэщыж архив тхылъхэр щызэхуэхьэса къыдэкIыгъуэ хьэлэмэтщ ар.

ДыщIэгушхуэ Iуэхухэм ящыщщ «ЩIДАА-м и щIэнхутэхэр» журналым и къыдэкIыныр зэрызэтедгъэувэжар. 2019 гъэм къыщегъэжьауэ журналыр мазищым зэ къыдокI, нобэм къэс къыдэкIыгъуэ 28-рэ дунейм къытехьащ. Псори зэгъусэу абыхэм лэжьыгъэ 260-м щIигъу къытехуащ. Гу лъывэзгъэтэнут ЩIДАА-м и журналыр щIэныгъэлэжьхэми щIэныгъэм къыхыхьэхэми я зэхуэдэ утыкуу зэрыщытыр. Абы къытехуэ тхыгъэхэр «шыбзэ гуащIэм» зэрыщIэкIым къыхэкIыу, щIэныгъэ дунейм дзыхь къыщыхуащI, ар ЩIДАА-р щыIэным щIэгъэкъуэн къыхуэхъу щхьэусыгъуэхэм языхэзщ.

КIыхьу утепсэлъыхьыфынущ, Мурат, ЩIДАА-м и лэжьыгъэр. Тхылъу къыдэдгъэкIри, тхыгъэу къытеддзэри «Адыгэхэр-2040» концепцэм ипкъ иткIэ дунейм къызэрытехьэм хэхауэ гу лъывэзгъэтэнут. Нэхъыщхьэр щIэныгъэ пэжращи, абы дытетщ, а гукъыдэжыр къыддэлажьэ псоми къыддаIыгъ.

**- Илъэсыр къэтхьэлIэным къэнэжа щыIэкъым. ЕвгъэкIуэкIа лэжьыгъэм дытепсэлъыхьащ, сыт хуэдэ мурадхэр фиIэ?**

- «Адыгэхэр-2040» дэфтэрым къигъэув Iуэхугъуэхэм тету илъэсыр и кIэм нэдгъэсащ. Зыкъом тхузэфIэкIащ, нэхъыбэж къытпэщылъщ. Ауэ къыдэхъулIамкIэ дыарэзыщ, ар жыIэн хуейщ. ЩIДАА-м и Президиумым и чэзу зэхуэсым Мэзкуу, Мейкъуапэ, Черкесск, Краснодар щиIэ щIэныгъэ центрхэм, Сыхъум къалэ щыIэ и къудамэм зэрадэлэжьэну щIыкIэр иубзыхуащ, цIыхубэм зыхищIэн хуэдэу ирагъэкIуэкIыпхъэ лэжьыгъэ щхьэпэри игъэнэхуащ. Апхуэдэу академием триухуащ дызытехьэ илъэсым щIэнIуатэ зэхуэсищ иригъэкIуэкIыну, зэхилъхьащ къыдигъэкIыну тхылъхэм я дэфтэрыр. Къанокъуэ Арсен къиIэта Iуэхугъуэхэм ящыщщ щIалэгъуалэ зэчиифIэ нэхъыбэ ЩIДАА-м къыхэшэныр. Лэжьыгъэм ух иIэкъым, илъэсыщIэми къэхъугъэщIэхэри къыдэунэхунущ, щытыкIэщIэ зэмыщхьхэми дригъэувэнущ. Абыхэм екIуу дапыкъуэкIыфмэ, къалэнхэм дехъулIэу къэтлъытэ хъуну аращ.

**- Сэфарбий, «Адыгэ псалъэм» и щIэджыкIакIуэхэм сыткIэ захуэбгъэзэнт?**

- «Адыгэ псалъэ» газетыр лъэпкъым и набдзэу къызолъытэ. ЩIДАА-м гулъытэ къыщыхуимыщI, и хъыбарыр дахэу ди лъэпкъэгъухэм я деж щынимыгъэс къэхъуакъым. Ди Iуэхухэр цIыхубэм зэлъащIысамэ, газетми и фIыгъэшхуэ хэлъщ. Ар зей адыгэхэм яфIэмыкIуэдыну, и псалъэр зэхахыну, сыт щыгъуи Iэпэгъуу яIэну, дызытехьэ ИлъэсыщIэри газетми абы и щIэджыкIакIуэхэми махуэ яхуэхъуну си гуапэщ.

*Епсэлъар* **ТАБЫЩ Муратщ.**

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, дыгъэгъазэм и 29

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15, 18.30** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**19.50** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**21.35** Х/ф «ВОДИТЕЛЬ-ОЛИГАРХ» (16+)
**23.15** Д/ф «Щелкунчик. В ожидании чуда» (0+)
**00.20** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)
**03.05** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**11.50** «Юморина-2025» (16+)
**14.30** Т/с «ШУША» (16+)
**18.00** Прямой эфир (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «МАСТОДОНТ» (16+)
**00.55** Х/ф «ПОДРУГИ» (16+)

### НТВ

**04.45, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ОСОБОЕ ЗАДАНИЕ» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «НИЧЬЯ В ПОЛЬЗУ КГБ» (16+)
**00.20** Т/с «НЕМЕДЛЕННОЕ РЕАГИРОВАНИЕ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.30** Т/с «СИНДРОМ ШАХМАТИСТА» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.50, 13.25** Х/ф «БЕРЕГИСЬ АВТОМОБИЛЯ» (16+)
**14.20, 15.05, 17.15** Т/с «ГРАФ МОНТЕ-КРИСТО» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ТАБАЧНЫЙ КАПИТАН» (16+)
**00.50** Х/ф «СНЕГУРОЧКА» (16+)
**02.25** Х/ф «ПОДКИДЫШ» (16+)
**03.35** Т/с «НОВОГОДНЕЕ СЧАСТЬЕ» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Д/с «Запечатленное время»
**07.05** Д/с «Страна птиц»
**07.55, 23.25** Д/с «Акрополь. Секреты древней цитадели»
**08.50, 15.50** «Лунев сегодня и завтра». Телеспектакль. Режиссер В. Бровкин. Запись 1977 года
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.10** Новости культуры
**10.20, 00.20** «ХХ век»
**12.00** Д/ф «Роман в камне»
**12.45** Семидесятые
**13.00** Х/ф «ПРИХОДИ НА МЕНЯ ПОСМОТРЕТЬ...» (16+)
**14.45** Линия жизни
**17.15** Д/с «Пряничный домик»
**17.50** Рассказы из русской истории
**18.40** Д/ф «Новые люди села Вятского»
**19.45** Д/ф «Фонд Юрия Башмета. Счастье объединять»
**20.40** Спокойной ночи, малыши!
**20.55** Д/ф «Мы из джаза». Проснуться знаменитым»
**21.35** Х/ф «МЫ ИЗ ДЖАЗА» (16+)
**01.55** Д/с «Искатели»
**02.40** М/ф «Прежде мы были птицами»

### МАТЧ!

**06.00** География спорта (12+)
**06.30** Лыжная страна (12+)
**07.00, 09.05, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 11.35, 21.30, 00.45** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.10** Лица страны (12+)
**09.30** Спортивный дайджест (16+)
**10.30** Смешанные единоборства. М. Холлоуэй - Д. Порье. UFC. Трансляция из США (16+)
**12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**13.00** Х/ф «КОМАНДА МЕЧТЫ» (6+)
**14.40** Д/с «Непридуманные истории» (12+)
**15.30** Громко. Прямая трансляция
**16.45** Хоккей. «Металлург» (Магнитогорск) - «Трактор» (Челябинск). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**19.30** Д/ф «Пеле. Король футбола» (12+)
**20.30** Матч! Парад (6+)
**22.35** Футбол. «Рома» - «Дженоа». Чемпионат Италии. Прямая трансляция
**01.25** «Формула-1. Гаснут огни» (12+)
**01.55** Плавание. Международные соревнования «Кубок Владимира Сальникова». Трансляция из Санкт-Петербурга (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Баскетбол. «Локомотив-Кубань» (Краснодар) - «Автодор» (Саратов). Единая лига ВТБ (6+)

## Гъубж, дыгъэгъазэм и 30

### 1

**05.00** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00** Новости
**09.25** «Модный приговор» (0+)
**10.15** «Жить здорово!» (16+)
**11.00, 12.15** «Время покажет» (16+)
**14.00, 17.00** «Большая игра» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.05** «Мужское/Женское» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** «30 лет вместе». «Песни о главном» (12+)
**19.45** «Поле чудес»
**21.00** «Время»
**21.35** КВН. Высшая лига. Финал (16+)
**23.59** «Хозяйка нейросети» (12+)
**01.00** ПОДКАСТ.ЛАБ (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00** Утро России
**09.00, 11.00, 14.00, 20.00** Вести
**09.30** Местное время
**09.55** О самом главном (12+)
**11.30** Вести. Местное время
**11.50** «Юмор! Юмор! Юмор!!!» (16+)
**14.30** Х/ф «ДЕВЧАТА» (16+)
**16.20** Х/ф «ОПЕРАЦИЯ «Ы» И ДРУГИЕ ПРИКЛЮЧЕНИЯ ШУРИКА» (16+)
**18.00** Х/ф «КОНЕК-ГОРБУНОК» (16+)
**21.10** Вести. Местное время
**21.30** Т/с «МАСТОДОНТ» (16+)
**00.55** Х/ф «ЗОЛОТОЙ ПАПА» (16+)
**04.05** Прямой эфир (16+)

### НТВ

**04.40, 08.25, 10.35** Т/с «МОРСКИЕ ДЬЯВОЛЫ. ОСОБОЕ ЗАДАНИЕ» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00** «Сегодня»
**13.25** «Чрезвычайное происшествие»
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «НИЧЬЯ В ПОЛЬЗУ КГБ» (16+)
**00.20** Т/с «НЕМЕДЛЕННОЕ РЕАГИРОВАНИЕ» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.20** Т/с «НОВОГОДНЕЕ СЧАСТЬЕ» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 17.00** Новости дня (16+)
**09.15** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**11.00, 13.25** Х/ф «КАРНАВАЛ» (16+)
**14.20, 15.05, 17.15** Т/с «ГРАФ МОНТЕ-КРИСТО» (16+)
**15.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Специальный репортаж» (16+)
**19.00** Новости дня (16+)
**19.55** «По горячим следам» (16+)
**20.10** «Улика из прошлого» (16+)
**21.00** «Открытый эфир». Ток-шоу (16+)
**22.45** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.15** Х/ф «ДВЕНАДЦАТАЯ НОЧЬ» (16+)
**00.55** Т/с «НОВОГОДНИЙ ПЕРЕПОЛОХ» (16+)
**04.20** Д/с «Фронтовые истории любимых актеров» (16+)

### РОССИЯ К

**06.30** Д/с «Запечатленное время»
**07.05** Д/с «Страна птиц»
**07.55** Д/с «Иерусалим - строители священного города»
**08.50, 15.50** «Лунев сегодня и завтра». Телеспектакль. Режиссер В. Бровкин. Запись 1977 года
**10.00, 12.30, 17.00, 19.30, 23.10** Новости культуры
**10.20, 00.20** «ХХ век»
**11.15** Д/ф «Роман в камне»
**11.45** Д/ф «Фонд Юрия Башмета. Счастье объединять»
**12.45** Д/ф «Мы из джаза». Проснуться знаменитым»
**13.25** Х/ф «МЫ ИЗ ДЖАЗА» (16+)
**14.55** «Острова»
**17.15** Эрмитаж
**17.45** Д/ф «Снежная королева». Оживи, милый!»
**18.25** Д/ф «Рецепты счастья»
**19.45** Линия жизни
**20.40** Спокойной ночи, малыши!
**20.55** Д/ф «Формула любви». Уно моменто!»
**21.35** Х/ф «ФОРМУЛА ЛЮБВИ» (16+)
**23.25** Д/с «Иерусалим - строители священного города»
**01.20** Д/ф «Роман в камне»
**01.50** Д/с «Искатели»
**02.35** М/ф «Падал прошлогодний снег»

### МАТЧ!

**06.00** Спортивный дайджест (16+)
**07.00, 09.05, 12.55, 15.25** Новости
**07.05, 11.35, 15.30, 22.35** Все на Матч! Прямая трансляция
**09.10** «Специальный репортаж» (12+)
**09.30** Футбол. Чемпионат Италии. Обзор тура (6+)
**10.30** Профессиональный бокс. Л. Льюис - М. Тайсон. Бой за титулы чемпиона мира по версиям WBC, IBF и IBO. Трансляция из США (16+)
**12.35** «Специальный репортаж» (12+)
**13.00** Х/ф «НЕФУТБОЛ» (12+)
**14.45** Д/с «Непридуманные истории» (12+)
**16.45** Хоккей. ЦСКА - «Динамо» (Москва). Фонбет. Чемпионат КХЛ. Прямая трансляция
**19.30** «Вид сверху» (12+)
**20.00** Матч! Парад (16+)
**21.30** Д/ф «Год российского спорта» (12+)
**23.45** Матч! Парад (6+)
**00.45** Д/ф «Марадона. Лучший в истории» (12+)
**01.55** Плавание. Международные соревнования «Кубок Владимира Сальникова». Трансляция из Санкт-Петербурга (6+)
**03.55** Новости (0+)
**04.00** Баскетбол. «Бетсити Парма» (Пермский край) - «Пари Нижний Новгород». Единая лига ВТБ (6+)

## Бэрэжьей, дыгъэгъазэм и 31

### 1

**06.00, 10.00** Новости
**06.10** Х/ф «ВАРВАРА-КРАСА, ДЛИННАЯ КОСА» (16+)
**07.25** Х/ф «ЗОЛУШКА» (16+)
**08.45** Х/ф «КАРНАВАЛЬНАЯ НОЧЬ» (16+)
**10.15** Х/ф «КАВКАЗСКАЯ ПЛЕННИЦА, ИЛИ НОВЫЕ ПРИКЛЮЧЕНИЯ ШУРИКА»
**11.40** Д/ф «Щелкунчик. В ожидании чуда» (0+)
**12.00** Балет «Щелкунчик». Прямая трансляция с исторической сцены Большого театра
**14.15** Х/ф «СЛУЖЕБНЫЙ РОМАН» (0+)
**16.50** Т/с «МОСКВА СЛЕЗАМ НЕ ВЕРИТ» (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.20** Т/с «МОСКВА СЛЕЗАМ НЕ ВЕРИТ» (16+)
**19.40** Х/ф «ИВАН ВАСИЛЬЕВИЧ МЕНЯЕТ ПРОФЕССИЮ»
**21.10** Новогодняя ночь на Первом
**23.55** Новогоднее обращение Президента Российской Федерации В. Путина
**00.00** Новогодняя ночь на Первом

### РОССИЯ 1

**05.50** Х/ф «ОПЕРАЦИЯ «Ы» И ДРУГИЕ ПРИКЛЮЧЕНИЯ ШУРИКА» (16+)
**07.20** Х/ф «ДЕВЧАТА» (16+)
**09.00, 20.00** Вести
**09.30** Вести. Местное время
**09.40** Х/ф «ЛЮБОВЬ И ГОЛУБИ»
**11.30** Х/ф «ИРОНИЯ СУДЬБЫ, ИЛИ С ЛЕГКИМ ПАРОМ!»
**14.45** Х/ф «ДЖЕНТЛЬМЕНЫ УДАЧИ» (16+)
**16.20** Х/ф «БРИЛЛИАНТОВАЯ РУКА» (16+)
**18.00** Х/ф «ЧЕБУРАШКА» (16+)
**19.50** Х/ф «ЧЕБУРАШКА. НОВЫЙ ГОД» (16+)
- Абы и щхьэусыгъуэ куэд щыIэщ. ЛIакъуэкIэрэ къадекIуэкIыу щытынкIэ мэхъу. Апхуэдэу аллергием къыхэкIынущ, бактерие, вирус зэхуэмыдэхэм къагъэхъейуэ щIыфэ узыфэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыIэщ. Къищынэмыщ1ауэ, къызыхэкIыр нобэр къыздэсым къамыхутауэ уз щхьэхуэхэми дрохьэлIэ.

**- ЩIыфэм и щытыкIэмкIэ IэпкълъэпкъыМ пкърыт узыр къыпхуэщIэну?**

- ЩыIэщ апхуэдэхэри. КIуэцIым щекIуэкI узыфэхэр щIыфэм и теплъэмкIэ къыщахутэ куэдрэ къохъу. Псалъэм папщIэ, Крон и узыфэр. Ар зэпхар лъатэмрэ кIэтIиймрэщ. А узыр хэтIэсамэ, щIыфэм щIыпIэ-щIыпIэкIэрэ цIынагъэхэр иIэу мэхъу икIи ахэр гъэхъужыгъуейщ. Къапщтэмэ, Крон и узыфэмрэ щIыфэм игъуэт цIынагъэмрэ зэпыщIауэ щытщ. Апхуэдэщ Бехчет и узыфэкIэ зэджэри. Мыр зыпкърытым кIэлъыплъыпхъэр ревматологырщ. Ауэ цIыхум и Iэпкълъэпкъым щыщ Iыхьэхэу нэхъ цIанлъэу щыт щIыпIэхэм уэтэпс цIыкIухэр иIэу мэхъури, нэхъыбэрэ апхуэдэ сымаджэхэм япэу зызыхуагъазэр дерматологырщ. Бактерие лIэужьыгъуэхэм ящыщу стрептококк, стафилококк узыфэ зэрыцIалэхэр Iэпкълъэпкъым щыпкърытым деж, абы и нэщэнэхэри щIыфэм тыболъагъуэ. ЯпэщIыкIэ плъыжьыгъэ IэпапIэу къыхокI, итIанэ фэм и лъабжьэм тыкъыр цIыкIуу зыкъыдрешейри, шын ирещIэж. Абы сымаджэм плъыржьэрагъышхуэ кърет, щIыфашхэ мэхъу, къыхэузыкIыу щытщ.

**- Мадинэ, лыш узыфэхэм я гугъу щащIкIэ, Iэпкълъэпкъым и Iыхьэхэм ящыщу бгъэмрэ тхьэмбылымрэ теухуауэ хъыбар нэхъыбэ зэхыдох. ЩIыфэ лыших узыфэм куэдрэ фрихьэлIэрэ? Сыт ар къызыхэкIыр?**

- Нобэ абы щIэныгъэлIхэри дохутырхэри щIэх-щIэхыурэ топсэлъыхь, мыхьэнэшхуи ират. Сыт хуэдэ нэщэнэхэмкIэ ар къызэрыпщIэнур жыпIэмэ, щIыфэм иIэ дэтхэнэ зэхъуэкIыныгъэми гулъытэ хуэщIыпхъэщ. Абы зыгуэр къыхэкIамэ е уIэгъэ гуэр игъуэтамэ, ткIийуэ кIэлъыплъын хуейщ. Ар плъыжь хъуауэ, зэгуэчу, цIынагъэ иIэу, уэтэпс къикIыу, лъы къищиуду, нэхъ зиубгъуу щытмэ, быркъуэшыркъуэу хэхъуэмэ, ахэр щIыфэ лыш узыфэм и нэщэнэщ. КъызыхэкIым и гугъу пщIымэ, нэхъыбэу къежьапIэ хуэхъур дыгъэрщ. Зи сабиигъуэм, щIалэгъуэм куэдрэ дыгъэм хэтахэм, илъэс бжыгъэ зыкъом дэкIыжауэ а узыр къащылъыкъуэкI щыIэщ.

ЩIыфэ лыш узыфэм и лIэужьыгъуэу нэхъыбэрэ дызрихьэлIэхэм ящыщщ меланомэр. Ар анэлхэм, анэдэлъху IэпапIэхэм ягъуэт зэхъуэкIыныгъэхэм къыхокI. Нэхъыбэу щIыфэм дызыщрихьэлIэр анэлхэрщ. Ахэр куэдуи мащIэуи тетынкIэ хъунущ. НэхъыбэхукIэ, меланомэ узыфэр уиIэнкIэ шынагъуэми хохъуэ. Абы къыхэкIыу, зэхъуэкIыныгъэ гуэр щымыIэми, Iэмал имыIэу илъэс къэс дохутырым ахэр егъэлъагъун хуейщ. Анэлхэр тIууэ зэщхьэщокI: языныкъуэхэр къыддалъхуащ, адрейхэр нэхъ иужькIэ щIыфэм къыхэкIащ - ахэр тыкъыр цIыкIуу тесынкIи хъунущ. ТIури кхъуэщыныфэу, я гъунэхэр захуэу, мыбыркъуэшыркъуэ Iейуэ щытын хуейщ. Абыхэм плъыжьыфэ е хужьыфэ къащIыхьэу, нэхъ ин хъууэ е заубгъумэ, ущIэгузэвэн щхьэусыгъуэщ. Апхуэдэу анэлхэм захъуэжын щыщIадзэм деж узу, шхэуэ и хабзэщ. Узыр мыувыIэмэ, шхэр хэмыкIмэ, дохутырым зыхуэгъэзэн хуейщ.

ЩIыфэ лыш узыфэр, адрей псоми хуэдэу, и чэзум къэпхутэмэ, къыпхузэтегъэувыIэнущ.

**- Уэ зыкъыпхуэзыгъазэхэм нэхъыбэу сыт хуэдэ тхьэусыхафэхэр яIэ?**

- Аллергие зиIэхэр куэд дыдэ мэхъу - сабий къалъхуагъащIэхэм деж щегъэжьауэ зи ныбжьыр хэкIуэтахэм я деж щиухыжу. А узыр лIакъуэкIэрэ къыбдекIуэкIынущ, пшхым, щыптIагъэм, узэрыжьыщIэм, узэрытхьэщIэм, хущхъуэм, хьэм, джэдум яцхэм, нэгъуэщI куэдми къыхэкIынущ. Абы нэмыщIкIэ псориаз узыр зиIэхэри мащIэкъым. Вирусно-бактерие узыфэ зэрыцIалэхэр япкърыту зыкъытхуагъазэ. Бактерие уз зэрыцIалэхэр гъэмахуэм нэхъыбэу щыIэщ. Ахэр сабийхэр куэду щызэхыхьэ щIыпIэхэм къыщохъейри, езы цIыкIухэр зэрыцIэлэжурэ узым зеубгъу. БалигъыпIэ иувэ ныбжьыщIэхэр къытхуокIуэ, я нэкIу къиткIуэткIуахэм (акне) драгъэIэзэну. Напэм и мызакъуэу, ар бгъэми, щIыбми, IэблэмкIи тетынущ. Абы и лъэныкъуэкIэ иджыпсту хущхъуэфI дыдэхэр щыIэщи, фIыуэ тхуогъэхъуж, щIыфэми напафэми кумбыгъи IэпапIэ гуэри хэмытыжу. НэхъыжьыIуэхэм я гугъу пщIымэ, ахэр нэхъ зыгъэщхьэжагъуэр я лъэбжьанэхэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэрщ. Ахэр хэт фIыцIэу, хэт хужьу, тыкъыр, къущ хъуауэ, зэгуэчу щытщ. Апхуэдэуи абыхэм я лъэпхъуамбэ зэхуакухэр щIэх-щIэхыурэ доуцIыныкI. Абыхэми я Iэзэгъуэ хъарзынэхэр щыIэщи, дэIэпыкъуэгъу дахуохъу.

**- Витилигэ, псориаз, экземэ... ЦIыху куэд ягъэгуауэщхьэуэ мыбыхэм. Ахэр гъэхъужыгъуей хьэмэрэ зи Iэзэгъуэр нэгъэсауэ къамыхутэфа узыфэхэу ара?**

- Витилигэр аутоиммуннэ узыфэхэм ящыщщ. Iэпкълъэпкъым и имуннэ зэхэлъыкIэм щIыфэм и плъыфэр къэзыгъэщI налъэхэр (меланин) щыуагъэкIэ зэтрекъутэ. Ар къызыхэкIым и щхьэусыгъуэр къахутакъым. ЩIыфэр IэпапIэ-IэпапIэурэ хужь хъун щIедзэ, псынщIэу зыщиубгъуи ар мащIэ-мащIэурэ щекIуэкIи щыIэщ. КъызэтеувыIэнкIи мэхъу. Си деж къэкIуауэ щытащ и щхьэфэм щегъэжьауэ и лъэпхъуамбэхэм нэс а узым иубыда цIыху. ЗищIысыр тэмэму щыдмыщIэкIэ, къызыхэкIыр щымынаIуэкIэ, и хущхъуэгъуэри нэгъэсауэ къагъуэтакъым. Пэжщ, IэпапIэ къежьагъащIэхэр абы зэрыпэщIэт мазь, гель жыхуэтIэхэмкIэ къыщыпхуэгъэувыIэ щыIэщ, уеблэмэ щIыфэм и плъыфэр къыщебгъэщтэжыфи къэхъуу. Пасэу еIэзэн щIэбдзэмэ, Iэмал гуэр щыIэщ, ауэ куэд щIауэ хэт IэпапIэ хужьыр, псалъэм папщIэ, илъэситI хъуар, хэбгъэхьэжыфынукъым. Витилигэ зиIэр дыгъэм зэрыхъукIэ зэрыхэмытыным иужь итыпхъэщ. Дыгъэр зытепса IэпапIэ хужьхэм нэхъ псынщIэу заубгъунущ. Iэмал имыIэу абы къигъэсэбэпын хуейщ дыгъэм щызыхъумэ кремхэр, ари сыхьэтитI къэс къытригъэзэжурэ зыщихуэу.

Псориазри къызыхэкIым и щхьэусыгъуэр пыухыкIауэ къащIакъым, лIакъуэкIэ къадекIуэкI узыфэщ, къызэтезыгъэувыIэ мыхъумэ, зыгъэхъуж хущхъуэгъуэ иIэкъым. Медицинэм фIыуэ зэрызиужьар къэплъытэмэ, нобэ щыIэ Iэзэгъуэхэр куэдкIэ нэхъ сэбэп мэхъу. Япэрей хущхъуэхэр Iэпкълъэпкъым нэхъ егуауэу щытамэ, иджырейхэр нэхъ тыншу япкърозагъэ, нэхъ псынщIэуи къызэтрагъэувыIэ. Иужьрейуэ къахутахэм ящыщщ генно-инженерно-биологие Iэзэгъуэр.

Экземэр аллергие узыфэ гъэтIылъахэм хохьэ. ЩIыфэр плъыжь хъууэ, къилъэлъу, пхъашэу, шхэуэ щытщ. Зэм зэтеувыIэу, зэм ятэу йокIуэкI. ЗэIусэм, зрихьэлIэм, зэрыбауэм, къигъэсэбэпым елъытауэ къытрегъэзэж. ЦIыхум ар игъащIэкIэ къыдекIуэкIыфынущ, къищынэмыщIауэ, сыт хуэдэ ныбжьми къылъыкъуэкIыфынущ. Мыри унагъуэм лIакъуэкIэ къыдекIуэкI узыфэхэм ящыщщ, адэ-анэм яIэмэ, я щIэблэми къалъыкъуэкIынкIэ хъунущ. Iэпкълъэпкъым щекIуэкI иммуннэ зэхъуэкIыныгъэхэми къыдэхъеижынущ, цIыхур зэгуэпамэ, гузэвамэ, узыфэр нэхъ е екIуэнущ. Мыбыи хущхъуэгъуэ нэгъэса иIэкъым, щыIэр къызэтезыгъэувыIэн, нэхъ зыгъэужьыхын Iэзэгъуэщ.

**- ЩIыфэ узыфэхэм дауэ зэрызащыпхъумэнур?**

- Нэхъыщхьэращи, къабзагъэм и хабзэхэм утетын хуейщ, дыгъэм куэдрэ зэрыхэмытыным хущIэкъупхъэщ. Мыдрейуэ, зэхъуэкIыныгъэ гуэр щIыфэм къыщыхъуауэ зэрызыдалъагъужу дохутырым и деж кIуэн хуейуэ аращ.

**- Мадинэ, цIыхум и щIыфэм щыщу нэм занщIэу къыщIуидзэр напафэрщ. Ар дахэу щытынымкIэ сыт хуэдэ чэнджэщкIэ захуэбгъэзэнт цIыхухэм?**

- Щысабийм деж щегъэжьауэ зыкIэлъыплъыжыфу егъэсапхъэщ. Адэ-анэм я бынхэм я щIыфэр зэпаплъыхьын хуейщ, зэхъуэкIыныгъэ иIэхэм гу лъатэн папщIэ. Напэм и гугъу пщIымэ, абы ехьэлIа гугъуехьхэм щыщIидзэр балигъыпIэ щиувэм дежщ. НэкIум плъыжьыгъэ цIыкIухэр къытрикIутэу щIедзэ, абыхэм хэти хужьу, хэти фIыцIэу уэтэпсхэр ирещIэж. Мис апхуэдэу хъумэ, дохутырым деж яшэмэ, нэхъ псынщIэу яхуэгъэхъужынущ, кумбыгъи имыIэу, нэгъуэщI дыркъуэ гуэри къытемынэу. Апхуэдэуи адэкIэ зэрызыкIэлъыплъыжынум теухуауэ чэнджэщ щхьэпэхэри къратынущ. Напэр тэмэму зыхуей хуэбгъэзэн щхьэкIэ, абы и щытыкIэр зыхуэдэр пщIэн хуейщ. Напафэр гъущэу, е дагъэр ебэкIыу, е тIури зэхэту щытынкIэ хъунущ. Мис абы тещIыхьауэ зэрызитхьэщIынури, крем зыщихуэнури, нэгъуэщI зрищIапхъэхэри дохутырым и деж щыуагъэншэу къыщыпщIэнущ.

**- Ди псалъэмакъым къызэрыхэщащи, медицинэм псынщIэу зеужь, IэзэгъуэщIэхэр, бгъэдыхьэкIэщIэхэр, хущхъуэщIэхэр щIэх-щIэхыурэ къоунэху. Абыхэм зыхэбгъэгъуэзэнымкIэ сыт хуэдэ лэжьыгъэхэр ебгъэкIуэкIрэ?**

- Дэтхэнэ зы IэщIагъэлIри и щIэныгъэм, и зэфIэкIым химыгъахъуэу лэжьэфынукъым, и пIэм иуджыхьу къэнэжыну аращ. Абы щыгъуэм жылагъуэм зыкIи сэбэп ухуэхъуфынукъым. Ар сэ фIы дыдэу къызгуроIуэ икIи дэтхэнэ Iэмалри къызэрызгъэсэбэпыным сыхущIокъу. Си IэщIагъэм теухуа конференцхэм, съездхэм сыхэтщ. Дерматовенерологхэмрэ косметологхэмрэ я урысей зэгухьэныгъэм къэралым и щIэныгъэлI, IэщIагъэлI цIэрыIуэхэр хэту щIэх-щIэхыурэ зэхыхьэхэр Налшык, Осетие Ищхъэрэ - Аланием, Ставрополь, нэгъуэщI хэгъэгухэми къыщызэрегъэпэщри, абыхэм сокIуэ. КъищынэмыщIауэ, дерматовенерологхэм я съездышхуэ Москва щызэхашэми щIэх-щIэхыурэ сызэрыхэтыным сыхущIокъу.

**- Мадинэ, сыт уэркIэ уи лэжьыгъэр?**

- Си лэжьыгъэм си гъащIэм мыхьэнэшхуэ щегъэзащIэ. УзкIэ гукъеуэ иIэу си деж къэкIуар схуэгъэхъужмэ, си дэIэпыкъуныгъэмкIэ арэзы схуэщIамэ, ар си дежкIэ IэщIагъэм щызиIэ ехъулIэныгъэ лъагэщ. СхуэмыгъэхъужынымкIи къысхуэгъэгугъэнукъым, ауэ сымыгъэгужьейуэ Iуэхур зыIутым щызгъэгъуэзэнущ, нобэ абы пэлъэщыфын Iэзэгъуэ къамыгупсысами, ар къызэрызэтебгъэувыIэфын, нэхъ тIасхъэ зэрыпщIын хущхъуэхэр зэрыщыIэр гурызгъаIуэурэ.

Си IэщIагъэмкIэ цIыхухэм щхьэпэ сазэрыхуэхъуфым гугъэзагъэшхуэ къысхуехь. ФIыуэ плъагъу лэжьыгъэм утезэшэнукъым, атIэ абы сэбэпынагъ нэхъыбэ къызэрыщыпхьынум ухущIэкъуу упэрытынущ.

Сэ си анэм и лъагъуэм срикIуэжащ, иджы сэ си ужьым къиуващ сипхъу Шэшэн Маринэ. Ар КъБКъУ-м и медицинэ академием и 5-нэ курсым щIэсщ. Центральнэ поликлиникэм си дэIэпыкъуэгъуу къыщыздолажьэ. IэщIагъэм къызит гухэхъуэр, лэжьыгъэр си гум къыдыхьэу, си псэм фIэфIу зэресхьэкIыр махуэ къэс зи нэгу щIэкI хъыджэбзыр нэгъуэщI Iуэхум хуеплъэкIыфыну къыщIэкIынтэкъым. Ар къызэрыхихамкIи сыарэзыщ икIи срогушхуэ.

**- Упсэу, Мадинэ! Тхьэм уригъэфIакIуэ!**

*Епсэлъар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэт.**



# Гуп зыгъэгупу гуп и уасэ

*Щоджэнцӏыкӏу Алий и цӏэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и актрисэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щӏыхь зиӏэ и артисткэ Чыхумахуэ ФатӀимэ и ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ зэрырикъуар игъэлъэпӀащ иджыблагъэ. Псалъэ гуапэу щыӀэр къэзылэжь цӀыху псэ къабзэщ, лэжьакӀуэ емызэшыжщ ФатӀимэ. И ӀэщӀагъэм фӀыуэ зэрыхищӀыкӀым, утыкум дахащэу зэритым, сыт хуэдэ роль къыхуагъэфащэми, пылъхьэншэу зэрыпэлъэщым къыдэкӀуэу, гуп хэтыкӀэ зыщӀэ, ныбжьэгъу зыгъэпэжыф, пщэрылъ къыщащӀ Ӏуэхур фӀым я нэхъыфӀыжу зэрызэфӀихынум шэч къыщӀытепхьэн щымыӀэ бзылъхугъэ щыпкъэщ, цӀыху дахэщ. Си щхьэкӀэ къэсщтэнщи, ар зыхэт спектаклхэр зыпэсщӀ щыӀэкъым, утыкум къызэрихьэуи си гукъыдэжым хохъуэ. Зыгуэрым зэрезгъэщхьыр ифӀэмыфӀынуми сщӀэркъым Чыхумахуэм, ауэ абы КӀунэшхуэ (Дыщэкӏ КӀунэ) и фэ изоплъ, язынықъуэхэм и дыхьэшхыкӀэ-зыщӀыкӀэхэми абы и сэфэт хызолъагъуэ.*

*Илъэс щэщӀым щӀигъуауэ адыгэ театрым и утыкур зыгъэбжьыфӀэ артисткэм роль куэд дыдэ игъэзэщӀащ. Абыхэм ящыщщ ӀутӀыж Борис и «Хьэцацэ дахащэ», Нало Заур и «Хьэбалэ и пхъэ гуащэр», «ӀэфӀынэ и нэ фӀыцӀитӀыр», Шортэн Аскэрбий и «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ», Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «ИугъащӀэ лъагъуныгъэм», Горин Григорий «Кин IV», Гальдони Карло и «Трактир гуащэ», Нэш Ричард и «Уэшх зыщэ», Касонэ Алехандрэ и «ХьэжьэӀужьэ», Ольмезов Мурадин и «Унэ лъапӀэ», Мамий Ержыб и «Псэлъыхъуххэр», Акъсырэ Залымхъан и «Дахэнагъуэ», Дудар Зарэ и «Лъагъуныгъэр ИнтернеткӀэ» спектаклхэр, нэгъуэщӀхэри.*

*Абыхэм къадэкӀуэу ФатӀимэ фильм зыбжанэм хэтащ, сабий псысэхэм радиокӀэ къеджащ, республикэ мыхьэнэ зиӀэ пшыхь куэд иригъэкӀуэкӀащ.*

*ЦӀыхубэм фӀыуэ ялъагъури, абы яйщ ФӀатимэ. Лъэпкъыр иӀэту, игъэбжьыфӀэу, иджыпсту иӀэ ехъулӀэныгъэм хэхъуэ зэпыту, илъэс куэдкӀэ лэжьэну ди гуапэщ. Сигуми си псэми къыбгъэдэкӀыу и махуэмкӀэ сехъуэхъури, ФатӀимэ упщӀэ зыбжанэкӀэ зыхуэзгъэзащи, къызжиӀахэм си гуапэу фыщызогъэгъуазэ.*



● ДифӀ догъэлъапӀэ

**- Артист ӀэщӀагъэм укъызэрыхуигъэщӀар нэрылъагъущ, ФатӀимэ. Сыт абы нэхъ гугъу дыдэу хэлъыр, уи гур зыгъэинри сыт абы щыщу?**

- ЦӀыхухэм я гугъэщ артист ӀэщӀагъэр тыншу икӀи куэдрэ зэхызох «фытхъэжу фопсэу» жаӀэу. Япэрауэ, апхуэдиз цӀыхум махуэ къэс жыхуаӀэм хуэдэу я пащхьэ укъихьэну тыншкъым, етӀуанэрауэ, ущыджэгукӀэ къаруушхуэ тыбогъэкӀуадэ. Угъын хуеймэ - уогъ, удыхьэшхынумэ - уодыхьэшх, пэжагъ хэлъу, цӀыхум я фӀэщ ухъуу. Ещанэрауэ, нэгъуэщӀ цӀыхум и хьэл-щэн къыбощтэ, абыи фэрыщӀагъ хэплъхьэнкӀэ Ӏэмал иӀэкъым, театреплъым укъищӀэнущи. Сэ куэдрэ къысхуохуэ спектакль гугъу сыджэгуамэ, сымыжеифу, сызэридзэу нэху щыху сыщыщыс. Ауэ ар зыщӀэр уи унагъуэм исхэм я закъуэщ.

Къару сытым къыпхилъхьэрэ жыпӀэу ущӀэупщӀэмэ, си ӀэщӀагъэм хузиӀэ фӀылъагъуныгъэшхуэрщ, си гуащӀэм дихьэх театреплъхэрщ. Иджыри щэ сыкъалъхужами, театрыр къыхэсхынут, ар си гъащӀэщ, си хьэуащ, си псэщ.

**- Артист умыхъуамэ, хэт ухъунт?**

- Дохутыр сыхъунут. Иджыпстуи куэд согъэхъуж: си ныбжьэгъухэр, си унагъуэр, си лэжьэгъухэр. Ауэ сэри сыдохутыру зыкъысщохъуж, сыту жыпӀэмэ, дохутырыр ӀэпкълъэпкъыМ елэжьмэ, артистыр цӀыхупсэм йоӀэзэ.

**- Спектакль щӀагъуэ иӀэкъым театрым уэ ухэмыту. Абыхэм къомыхъулӀаи яхэслъэгъуакъым. Уэ нэхъыфӀу плъагъу, апхуэдэуи бгъэзэщӀэну уфӀэмыфӀ яхэт абыхэм? Дэтхэнэр уэ нэхъ уэщхь, упэгъунэгъу?**

- Уи бынхэм дауэ уахэдэну? Уи фӀэщ мыхъунри хэлъщ, ауэ си ролхэр - цӀыкӀуи ини - фӀыуэ солъагъу, къыхэзгъэщхьэхукӀынури сщӀэркъым. Дэтхэнэ зы ролми уэ ууей, уи псэм и Ӏыхьэ гуэр пфӀыхохьэ. Сыт хуэдизу фӀыуэ уджэгуами, бгъэзащӀэ ролым уи хьэл-щэн къыхощ. Убзаджэмэ, цӀыху гуапэм и образ къыщыбгъэщӀым и дежи, а хьэл-щэныр е уи плъэкӀэкӀэ е нэгъуэщӀ зыгуэркӀэ къыбдалъагъунущ. ПыухыкӀауэ мыр сэщхьщ е спэгъунэгъу дыдэщ жысӀэу зы роль гуэр къысхухэгъэщынукъым.

**- АтӀэ комедиемрэ драмэмрэ сыт хуэдэм ущыджэгуну нэхъ пфӀэфӀ? ГушыӀэ спектаклхэр фӀы дыдэу къохъулӀэ, ФатӀимэ, гуфӀэнэгуущ нэхъыбэм укъызэращӀэри.**

- Комедием ущыджэгуныр, цӀыхур бгъэдыхьэшхыныр куэдкӀэ нэхъ гугъущ. Ди театреплъхэр хуабжьу набдзэгубдзаплъэщ, гушыӀэ мышыукӀэ, ӀукӀейщӀыкӀеигъэкӀэ къыпхуэгъэпцӀэнукъым. Ар бгъэдыхьэшхын икӀи абы фӀэгъэщӀэгъуэн ухъун щхьэкӀэ, зэфӀэкӀ ин ббгъэдэлъын хуейщ. Апхуэдэу щытми, комедиер фӀыуэ солъагъу, драмэри сфӀэфӀщ, тӀуми сахэдэфынукъым. Дэтхэнэ зы драмэ ролри псэкӀэ къызопсэу, сысей мэхъу, куэдри самыутӀыпщу саӀыгъщ. НэфӀэгуфӀэу, гуфӀэнэгуу жыпӀа?! Апхуэдэу сыкъызэралъытэри гуапэщ, ауэ жысӀэну сыхуейт цӀыху нэжэгужэхэм нэхъ нэщхъей дунейм зэрытемытыр.

**- Киноми уи къару ущеплъыжащ, ФатӀимэ, зэрысщӀэмкӀэ. Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъагъуныгъэм и хьэтыркӀэ», Абу Умар и «Лъагъуныгъэмрэ зэныбжьэгъугъэмрэ», Лыкъуэжь Нелли и «Хьэтыр» тхыгъэхэр я лъабжьэу траха фильмхэм ухэтащ. Киномрэ театрымрэ уахэдэмэ, дэтхэнэм ущыджэгуну нэхъ тынш, сыт хуэдэр нэхъ пфӀэфӀ?**

- Кинор ӀэджэкӀэ нэхъ тыншщ, зы кадрыр къомыхъулӀэмэ, дубль зыбжанэ пщӀы мэхъу. Театрыр нэгъуэщӀщ, абы и утыкум укъызэрихьэу театреплъымрэ уэрэ уи зэхуаку зэпыщӀэныгъэ гуэр къыдэхъуэн хуейщ, ар уи джэгукӀэкӀэ зэщӀэбубыдэу, теплъэгъуэр иухыху пӀыгъыфын хуейщ, абыхэм я гум къыщыбгъэуша гурыщӀэм щӀэх ямыутӀыпщын хуэдэу. Утыкум сыздитым театреплъым си джэгукӀэр къызэрыщыхъур апхуэдизкӀэ зыхызощӀэри, си лэжьыгъэр къызэхъулӀарэ къызэмыхъулӀарэ къызгурыӀуэжауэ, нэхъ сызэлӀэлӀэн хуей щӀыпӀэхэм гу лъыстэжауэ утыкум сыкъокӀыж. Ауэ театрыр сыт хуэдизкӀэ нэхъ гугъуу щымытами, ар си псэм щыщ Ӏыхьэщ, нэхъ сфӀэфӀщ, арыншауи сыпсэуфынукъым.

**- Къэбэрдей театрым къехъулӀэну ухуейуэ сыткӀэ ухуэхъуапсэрэ?**

- Дунейм зехъуэж, ар шэрхъщи, мэкӀэрахъуэ. Апхуэдэ дыдэуи театрым и лэжьэкӀэми зехъуэж, артистхэм къахохъуэ, нэхъыжьхэр тӀэщӀокӀ. Ди нэхъыжьхэм къытхуагъэнэхуа лъагъуэм нэхъыщӀэхэр ирикӀуэну, театрым и лэжьыгъэр ирагъэфӀэкӀуэну сыхуейт. «Нэхъыжьхэм хуэдэ зэи хъунукъым ахэр», - псалъэхэр жызыӀэхэр, уи фӀэщ зэрыхъун, Залинэ, театрым къызэрыщӀэмыхьэрэ илъэс тӀощӀырыпщӀ зэрыхъуамкӀэ псалъэ узотмэ. НэхъыжьыфӀхэр диӀащ, шэч хэмылъу, ауэ иджыпстуи къытхэтщ апхуэдэхэр, щӀалэгъуалэ бэлыхьи диӀэщ. СызыщӀэхъуэпсыр сыт и лъэныкъуэкӀи дефӀэкӀуэнырщ.

**- Сыт хуэдэ роль ухуейт утыку къипхьэну? ЩыӀэ узыщӀэхъуэпс, зэкӀэ уи Ӏэр хунэмысауэ?**

- Мы упщӀэр куэдрэ къызатащи, семызэшуи жызоӀэ: сэ зырауэ къыщӀэкӀынщ актрисэу мы дунейм тетыр, роль гуэр щӀэмыхъуэпсу. Сыт хуэдэ роль къысхуагъэфащэми, сфӀэфӀщ. Иджы сыхъыджэбз цӀыкӀужкъыми, си ныбжьым хуэкӀуэ, си амплуам техуэ сыт хуэдэ ролми сыщыгуфӀыкӀынущ.

Апхуэдизкӏэ, увыӀэгъуэ имыӀэу, ролхэр зэблэсхъуурэ сыджэгуащ, ноби соджэгури, зыгуэрым сыщӀэхъуэпсыну зэман сиӀакъым. ИтӀанэ, сэ зэи роль зэхэгъэж сщӀакъым: жьыми щӀэми, цӀыхуфӀми цӀыху Ӏейми, хъыджэбз цӀыкӀуми пхъужьми я сэфэт сихьащ, апщӀондэхукӀи си актёр Ӏэзагъэм зиужьащ. Апхуэдэ Ӏэмалращ нэхъыфӀыр актрисэм и зэфӀэкӀым хэхъуэнымкӀэ.

**- Уи щхьэ, уи унагъуэ ехьэлӀа уи хъуэпсапӀэхэр сыт хуэдэ?**

- Сытым дежи сыхущӀокъу лэжьыгъэмрэ унагъуэмрэ зыр адрейм зэран зэрыхуэзмыгъэхъуным. Театрыбжэр хуэсщӀыжа нэужь, абдежым псори къыщызогъанэ: роль зэгъэщӀэни репетицэ Ӏуэхуи зэи унэм зыдэсхьыркъым. Унэм сыщекӀуэлӀэжам и деж сэ сынысэщ, сыщхьэгъусэщ, сыанэщ. Си насыпщи, си гуащэ-тхьэмадэми, си щхьэгъусэми си лэжьыгъэр къыздаӀыгъ. Си унагъуэр скъуэмытамэ, зыри схузэфӀэкӀынутэкъым. Артисткэ щхьэгъусэ уиӀэну тыншкъым, ауэ си щхьэгъусэм къыгурыӀуащ театрыр симыӀэмэ, псэ зыхэмытыж, гъащӀэ зыщӀэмылъыж ФатӀимэу сызэрыщытынур. Си адэ-анэми къыздалъхуахэми сыт и лъэныкъуэкӀи си Ӏуэхур къагуроӀуэри, абыхэми сахуэарэзыщ. Мы дунейм теткъым сызыхуей, зи гугъу сщӀахэр схуреузыншэ, схурепсэу къудеи.

**- Артист ӀэщӀагъэр къыхэзыхахэм, театрыр фӀыуэ зылъагъухэм сыт хуэдэ псалъэхэмкӀэ захуэбгъэзэнт?**

- Сэ благъэ къулеи, къысщӀэрыӀэн гуэри гъащӀэм щызиӀэкъым, псэемыблэжу си ӀэщӀагъэм сызэрыбгъэдэтам къиищынэмыщӀа. ЩӀалэгъуалэм яжызоӀэ: «Зыми фыщымыгугъыу, фи псэ фемыблэжу фылажьэ, абы щыгъуэщ псори къыщывэхъулӀэнур».

Сызыдэлажьэхэм сигу яхузэӀухащ, яхуэкъабзэщ. Абыхэм гуныкъуэкъуэ ямыӀэу, я ролхэр къайхъулӀэу, лэжьыгъэм хуэарэзыуэ, я гуащӀэм пэкӀуэн пщӀэ ягъуэту псэуну сыхуейт.

ИкъукӀэ фӀыщӀэ яхузощӀ си режиссёрхэм, си егъэджакӀуэ-гъэсакӀуэхэм, си унагъуэм, си ныбжьэгъухэм, фӀыуэ сыкъэзылъагъу театреплъхэм. Сэ сынасыпыфӀэщ зы махуи къызэхьэлъэкӀыу сылэжьакъыми, гукъыдэжыншэу, сыхуэмейуэ зэ закъуи театрым сыкъекӀуэлӀакъыми. Театреплъхэм я фӀыщӀэм, абы псалъэ дахэу къызжаӀэм си лъэр щӀагъэкӀ, къару къысхалъхьэ, нэхъыбэжхэм зеспщытыну сытрагъэгушхуэ. Абыхэм ягу дыдыхьэныр, я нэгу зедгъэужьыныр, ягу фӀы яхуэтщӀыныр, гупсысэ гуэрхэм хуэтшэныр е зыщӀэдгъэгупсысыжыныр – ахэращ ди къалэн нэхъыщхьэр. Абыхэм я лъагъуныгъэр апхуэдизкӀэ зыхызощӀэри, пхужымыӀэным хуэдизщ. Театреплъхэр куэду артистхэми лъэпкъми диӀэну, театрым къыщӀэмыкӀуэн щхьэусыгъуэ къалъыкъуэмыкӀыну си гуапэщ.

**- НэфӀэгуфӀэу, узыншэу, лъэпкъ гуфӀэгъуэрэ бын насыпрэ ухэплъэу упсэуну, укъызыгурыӀуэ, фӀыуэ укъэзылъагъу театреплъ ущымыщӀэну, роль гукъинэж куэдкӀэ иджыри дыбгъэгуфӀэну, ФатӀимэ!**

*Епсэлъар*
**ИСТЭПАН Залинэщ.**



КъБР-м щӀыхь зиӀэ и артистхэу Хьэмырзэ Ахьмэдрэ Чыхумахуэ ФатӀимэрэ «ХьэжьэӀужьэ» спектаклым щоджэгу.



Быдэ Хьэсэн, Хьэмыку Жаннэ, Чыхумахуэ ФатӀимэ, Лу Рэмэзан сымэ «ИугъащӀэ лъагъуныгъэм» спектаклым хэту.




**● ЖыIэгъуэхэр**

## Гум куэд Iей жиIэнущ, едэIуэн игъуэтмэ

**♦ФIы къыпхуэзыщIар пщыгъупщэжмэ, фIы зыхуэпщIари здегъэхь.**
**♦ХэIэтыкIа нагъыщэм нэхърэ упщIэ нагъыщэр нэхъыбэрэ къэгъэсэбэпыпхъэщ.**
**♦Зэрыщымыту зыкъыпщызыгъэхъур зэрыщытым тоукIытыхьыж.**
**♦Къэбгъуэтыжыр щIэуэ къыпхэхъуам хуэдэжкъым - гуфIэгъуэ дыдэщ.**
**♦Сабиймэ, зэхихыр жеIэж, балигъмэ, щIигъуурэ егъэIу.**
**♦Сегупсысыжати, жаIэу кърагъажьэмэ, щIегъуэжакIэу аращ.**
**♦Гу къудейм къыбгъэдэкIыу жьэр псалъэмэ, щхьэм йоуэж, аращ Хъуэжэ и бзэгум шыфIэдзапIэу езыгъэхъуэпсэжар.**
**♦Гум куэд Iей жиIэнущ, едэIуэн игъуэтмэ.**
**♦Гумрэ жьэмрэ щхьэм щагъэпщкIу лъэс лъагъуэ цIыкIу зэхуаIэщ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

**● ГушыIэ**

## Ди дежкIэ тIури яшх

Хъуэжэ зы унагъуэ гуэрым еблагъэри унэгуащэм елъэIуащ:
- СыгъуэгурыкIуэщ, сымэжэлIащ, тIэкIу сыбгъэшхатэмэ арат, - жиIэри.
- Сыт, си тIасэ, нэхъ къэпщтэн: кхъуейжьапхъэ хьэмэрэ шху къыпхуэсхьыныр? - жиIэри, гуащэ нэпсей гуэру къыщIэкIынти, къеупщIыжащ Хъуэжэ.
- Уэлэхьи, ди анэ, ди дежкIэ кхъуейжьапхъэри яшхри шхури трашхыхьыжмэ! - щыжриIэжым, гуащэр укIытэри, пщэфIапIэмкIэ щIыхьащ, Хъуэжэ шхын къыхуихьыну.

# Зэпкърымыхауэ гъэжьа джэд




Джэд гъэкъэбзар псы щIыIэкIэ ятхьэщI, хъыдан къабзэкIэ ялъэщIыж, ягъэгъущ. Абы и кIуэцIыр яшыу, шыгъу, шыбжий сыр, бжьыныху уба щахуэурэ. Джэд щIыбым шыгъу фIэкIа щахуэркъым.

ИтIанэ тебэм дагъэ иракIэри, къагъэплъ пщтырагъыр градус 200-м нэсыху, абы джэд шыуар халъхьэ и щIыбыр егъэзыхауэ. ЗэрагъэдзэкIыурэ, тхъуэплъ дахэ хъуху дакъикъи 5 - 7-кIэ ягъажьэ. ИужькIэ джэдыр зэрилъу тебэр хьэкулъэм ирагъэувэри, дакъикъэ 25-рэ хуэдизкIэ ягъажьэ, зэзэмызэ зэрагъэдзэкIыурэ.

Джэдылыр мыпшэрмэ, щагъажьэкIэ джэд щIыбым шатэ щахуэ, тхъуэплъ дахэ ищIын щхьэкIэ. Джэд жьар хьэкулъэм кърахыжри, хуеймэ зэрыпсэуэ е Iыхьэ-Iыхьэурэ упщIэтауэ Iэнэм тралъхьэ. Тебэм къина дагъэри езы джэдым къыщIэжа псыри тракIэж.

Къазри бабыщри апхуэдэ дыдэу бгъажьэ хъунущ. ПIастэ, щIакхъуэ и гъусэу пщтыру яшх.

***Халъхьэхэр (цIыхуитху Iыхьэ):*** джэд гъэкъэбзауэ - г 1100-рэ, сэхуран дагъэу - г 100, бжьыныху укъэбзауэ - г 30, джэдым щахуэ шатэу - г 50, шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

**● Гурылъ темыпыIэхэр**

## Си дунейм ущызогъафIэ

Уи гум и дыхьэпIэр мыл куэбжэкIэ хуэщIамэ, сэ гъатхэ щIэращIэм дыгъэпс уэзджынэ къеIысхынщи, абыкIэ зы дакъикъэм къэзгъэвыжынщ. Сэ щхьэ закъуэ зэшыгъуэ къыстеуэу аракъым, Уи мыл куэбжэ дыхьэпIэм деж сынакIуэу, дыгъэпс уэзджынэкIэ ар щIэзгъэвыжынур, атIэ Уэ мыл щIыIэ зэпытым укъыхэсшу зэ закъуэ псэм и хъуэпсапIэ гъатхэм укъыхэсшэн жызоIэри аращ. Уэ, дауи, пщIэркъым лъагъуныгъэ жылэр къыщыкIыр гъатхэм и губгъуэр зэрыарар.

Гъатхэращ лъагъуныгъэр. Лъагъуныгъэри гъатхэ мыухыжщ.

* * *

Щхьэ мыпхуэдэу плъыжь укъэхъуа? Си плъэгъуэм уигу зэшыр къызэщIигъэстауэ ара? Сэ сынысщIоплъар узгъэукIытэну аратэкъым! Сэ си гугъащ си гуфIэгъуэ плъэкIэм уэри уригуфIэну. Сыт апхуэдизу псэ къабзэм ешыкъылIар? Сыт мы си нитIым къыбжаIар, абыхэм къыщIэбджыкIар?

Сэ сынысщIоплъар, си гур щэхуу къодэхэщIати, си псэр гурыщIэ абрагъуэкIэ къыпхуэхъуапсэти аращ.

* * *

Си гум щизакъуэ дакъикъэм, гукъэкIыж, гъатхэм и жэнэт бзууэ си пащхьэм укъохутэ, си нэгум псэм и хьэндырабгъуэу къыщыплъэтыхьу. Абдежым си гум узоубыдэри, си псэм и уэрэд щэхухэмкIэ си дунейм ухызошэри ущызогъафIэ.

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн.**

**● Да Винчи Леонардэ и Iуэтэжхэр**

## Бжей

Зы хадэ гуэрым бжей къыщыкIырт. Илъэс къэси зиужьырт абы - нэхъ ин, нэхъ дахэ хъурт. Пащтыхьыфэ зытет бжейм и пкъы уардэм жьауэшхуэ ищI хъуащ. Ауэ абы нэхъ зиIэтыху, зыгъэпэгэн-зыгъэщIэгъуэн хьэлри нэIуащэу дэплъагъурт. Зыри зримыпэсрэ псоми къахуеплъыхыу, зэгуэр ар унафэ зыхэлъ макъкIэ кIиящ:

- Iуфх мыбдеж мы дэшхуей теплъаджэр!

Арати, лажьэ зимыIэ жыгыр и лъабжьэм деж щыпаупщIащ.

- Мы тутейр схуэшэчыжыркъым! Мыбы и теплъэ фэншэри сужэгъуащ! Си гъунэгъуу щывмыгъэту Iуфх! - аргуэру унафэ ищIащ бжей къынтIэкъынтIэм.

Тутейми дэшхуейм и махуэр къыхуэкIуащ.

Зыхуэарэзыжу, и къудамэхэр игъэуфафэу, пагагъэ егъэлея зыхэлъ бжей дахэкIейр, зикI, увыIэртэкъым:

- Си хъуреягъкIэ вгъэкъабзэ - Iуфх мы кхъужьеижьхэмрэ мыIэрысеижьхэмрэ!

А жыгхэри ираупщIыкIри, пхъэгъэсын ящIащ.

Апхуэдэу увыIэгъуэ зимыIэ бжейм, зым адрейр кIэлъыкIуэу, ихъуреягъкIэ жыгыу иту хъуар и унафэкIэ ирагъэсыкIащ. Иджы абы жыг хадэр езым ей дыдэ хъуащ. Ауэ а жыг хадэм и япэрей дахагъэр иIэжтэкъым, и закъуэу пIийуэ къэнар къэзыухъуреихьыр дакъэжь защIэт.

Ауэ зэгуэр борэнышхуэ къэхъуащ. ЗыкъызыфIэщIыжа бжейр и къару къызэрихькIэ пэщIэтащ абы, и лъабжьэкъуэпс лъэщхэмкIэ щIыр быдэу иIыгъыу. Борэныр, къыпэщIэувэн нэгъуэщI жыг хуэмызэу, и закъуэу щыт жыг дахэшхуэм теуэрт, гущIэгъуншэу зэхикъутэу, и къудамэхэр къыгуищIыкIыу, щIым иригухыу. ИкIэм-икIэжым, зэхэкъута-зэхэфыщIа бжейр, удын гуащIэхэр хуэмышэчыжу, сенычыпэм хуэдэу, и лъабжьэм деж щыпыщIыкIри, и къудамэхэр зэхикъутэ-зэхигъэщащэу, щIым хьэлъэу къытехуащ.

*ЗэзыдзэкIар*
**ХЬЭТУ Пётрщ.**

# Псалъэзэблэдз




***ЕкIуэкIыу:*** **2**. ... джэлам ущIэмынакIэ. **5**. Къомыхъуэжынур, къомыщэжынур уи ... уи нитIрэщ. **6**. Джэгугъуэм лIыхъужьщ, ... жьындущ. **7**. Уи ... умыуб, уи благъэщIи ущымытхъу. **9**. Уи нысэ уигу ебгъамэ, ... ешхыдэ. **12**. Пхъэ мысрэ ... мывэрэ щыIэкъым. **13**. Гуащэрэ пэт, ... деху. **14**. Псым ... мывитIрэ пэт зонтIэIу. **15**. Мэлым и ... и хьэлъэкъым. **16**. ... щысу шыпсэ умыIуатэ. **17**. Зи Iыхьэ зыфIэмащIэм хьэм фIешх.

***Къехыу:*** **1**. Хьэм ... уеуэкIэ гъыркъым. **3**. Бзаджэ уи ..., бзаджэ ухуешэ. **4**. Уи ... гъафIэ, уи къуэшри фIыуэ лъагъу. **8**. ... зимыIэм и дзэр хъудырым IуещIыкI. **10**. Дыжэф ... хъуркъым. **11**. МафIэ мащIэ ..., бын мащIэ цIэцIалэщ, гъаблэ бысым гуащэщ.

*Зэхэзылъхьар*
**БИЦУ Жаннэщ.**

***Дыгъэгъазэм и 13-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Хьэсэгъу. **6**. Джатэ. **7**. Мажьэ. **8**. Пхъы. **9**. Къузгъун. **11**. КIагуэ. **12**. Жьэгъупс. **15**. КIарц. **17**. Журт. **18**. Пщы. **19**. Хьэлу. **21**. КIашэ. **22**. ЩхьэкIуэ.
***Къехыу:*** **1**. Шабзэ. **2**. Хьэ. 3. Сыхъэ. **4**. Гъум. **5**. Бжьыгуэ. **10**. Нэжьгъуц. **11**. КIэсыж. **13**. Дамэр. **14**. Гурышэ. **16**. Къущхьэ. **20**. Ущ. **21**. КIэ.

# Бзылъхугъэ насыпыфIэ



**ПщIэрэ щIыхьрэ иIэу, фIыщIэмрэ щытхъумрэ къыдекIуэкIыу и гъащIэ гъуэгуанэр ирехьэкI мы махуэхэм зи ныбжьыр илъэс 85-рэ зэрырикъур зыгъэлъапIэ, Тэрч районым хыхьэ Урожайнэ къуажэм къыщалъхуа Къаншокъуэ Ларисэ Хьэгуцырэ и пхъум. Илъэс 60-м нэблагъэкIэ ар пэрытащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм, и къаруи и зэфIэкIи емыблэжу и пщэрылъхэр нэгъэсауэ зэрызэфIихыным хущIэкъуу.**

НАЛШЫК дэт медицинэ училищэр къиухри, 1962 гъэм Ларисэ акушеру лэжьэн щыщIидзащ Урожайнэ сымаджэщым. ИужькIэ фельдшер-акушеру щыIащ Тэрч къалэм дэт сымаджэщым. 1979 гъэм, Налшык къэIэпхъуа нэужь, абы и лэжьыгъэм щыпищащ Кардиологие центрым. Илъэс 17-кIэ медсестра нэхъыжьым и къалэнхэр щрихьэкIащ а IэнатIэм. 1996 гъэм Къаншокъуэр Жьэн узыфэхэм щеIэзэ республикэ диспансерым кIуащ икIи 2020 гъэ пщIондэ, и ныбжьыр илъэс 80 ирикъуху, а IуэхущIапIэм и медсестра нэхъыжьу щыIащ.

Ларисэ сытым щыгъуи и лэжьыгъэр жэуаплыныгъэшхуэ пылъу ирихьэкIащ. Сымаджэм уахэтыныр, дауи, тыншкъым, ауэ мы бзылъхугъэм и шыIэныгъэр хурикъуащ дэтхэнэми бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуигъуэтыфу, я гукъеуэр зыхуэдэр зригъащIэрэ, адэкIэ я Iуэху зэрыхъунум теухуауэ чэнджэщ яриту абыхэм къадекIуэкIынымкIэ. Апхуэдэ щытыкIэм къегъэлъагъуэ Къаншокъуэм цIыхугъэшхуэ зэрыхэлъыр, и лэжьыгъэм гукIи псэкIи зэрыпэрытар.

«Езыр цIыху гумащIэщ, щабэщ, гущIэгъу зыхэлъщ, и щIэныгъэкIи и IэщIагъэкIи дэбгъуэн щымыIэу апхуэдэт. А бзылъхугъэр зи IэщIагъэр фIыуэ зылъагъу, абы нэсу хэзыщIыкI лэжьакIуэ телъыджэу зэрыщытыр дэ шэч къытедмыхьэу тхужыIэнущ. Сыт хуэдэ зэманми сыт хуэдэ IуэхукIи зыхуэгъази, укъигъэщIэхъунутэкъым икIи нэгъэсауэ ар зэфIигъэкIынут. И лэжьыгъэ IэнатIэр сыт щыгъуи зэпэщт, и нэIэм щIэтхэми чэнджэщэгъуи дэIэпыкъуэгъуи яхуэхъурт, абы щыгъуэми я къалэныр нэгъэсауэ ирамыхьэкIыу зэрахуимыдэнур къагуригъаIуэрт, абыкIи езыр щапхъэт», - жаIэ ар зыдэлэжьа гупхэм.

Къаншокъуэ Ларисэ и псэ хьэлэл лэжьыгъэр гулъытэнши хъуакъым. Абы къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм я IуэхущIапIэ щхьэхуэхэм я щытхъу, фIыщIэ тхылъхэр. Апхуэдэуи ар лэжьыгъэм и ветеранщ.

«Егъэлеяуэ цIыху Iущщ Ларисэ, - жаIэ благъэ-Iыхьлыхэм. - КуэдкIи гъуэгугъэлъагъуэ тхуэхъуащ, ноби и чэнджэщ, и ущие щхьэпэхэр сэбэп къытхуохъу. IуэхукIэ уи щхьэр епхьэлIамэ, шэчыншэщ абы хэкIыпIэ хуэхъунум узэрытришэнур. ГъащIэ и пIалъэ фIыуэ зыщIэ бзылъхугъэм дэтхэнэми ди гур фIы зэрытхуищIын псалъэ дахэхэр къытхуегъуэтыфри, гушхуауэ дунейм дызэрытетынымкIи гъуазэ тхуохъу. Нэхъыщхьэращи, къыпкърыкI гуапагъэмкIэ псори дызэрешэлIэф, дызэрегъэубыдыф».

Сыт хуэдэ зэфIэкIи ехъулIэныгъи лэжьыгъэми жылагъуэми щиIэми, бзылъхугъэм и гъащIэр гуфIэгъуэрэ гукъыдэжкIэ щыз зыщIыр унагъуэ насыпырщ, бын гурыфIыгъуэщ. АбыкIи Ларисэ и дунейр щIэращIэщ - и гур хэзыгъэхъуэн щIэблэ иIэщи. Хабзэрэ нэмысрэ хэлъу игъэсащ ипхъу закъуэ Иринэ, щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ иригъэгъуэтри, гъащIэм лъэ быдэкIэ хигъэуващ. Абы и щIалэми зыхэт гупым и пщIэр щылъагэу и гъащIэр ирехьэкI. Ахэр и гурыфIыгъуэшхуэщ анэм, анэшхуэм. А псом я гуIэфIтещIэжщ и пхъум и къуэрылъху зэтIолъхуэныкъуэ цIыкIухэр.

ПщIэрэ нэмысрэ уиIэу, благъэми Iыхьлыми уалъытэу, быным я гуфIэгъуэм ухэплъэу, уузыншэу уи илъэс 85-р бгъэлъэпIэныр аракъэ насып жыхуаIэжыр?! А насыпымкIэ Тхьэшхуэр къыхуэупсащ Къаншокъуэ Ларисэ. Нобэ ар нанэ жьыщхьэ махуэщ.

Зи илъэс бжыгъэ дахэр зыгъэлъапIэ Ларисэ и унагъуэр, и благъэ-Iыхьлыхэр йохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэну, и щIэблэм я хъер, ехъулIэныгъэ илъагъуу, гукъыдэжымрэ дэрэжэгъуэмрэ щымыщIэу, гъащIэм гу щихуэрэ абы и IэфIыгъэ псори зыхищIэу иджыри илъэс куэдкIэ псэуну.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# «Спартак-Налшыкыр» къызэхуосыж

**Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым мы гъэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм щыкIуэцIрыхуа «Спартак-Налшыкым» 2026 гъэм щыIэну зэпеуэм пасэу зыхуэгъэхьэзырын щIидзащ. Ар икIи гурыIуэгъуэщ - командэ пщыкIуплI зыхэта зэныкъуэкъуныгъэм ди щIалэхэм яужь къыщинар зы гуп закъуэщ, адрей псори къайфIэкIащ. Иджы щытыкIэр гъэзэкIуэжыпхъэщ икIи Iуэхум нэхъ пасэу иужь ихьэхукIэ, дауи, нэхъыфIщ.**

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и кум Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщызэхуэсыжа «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм я щытыкIэмрэ узыншагъэмрэ къапщыта иужь, зыгъэсэныгъэхэм щIадзащ. Абыхэм куэду яхэтщ зыкIэлъыплъыну кърагъэблэгъахэри. Щхьэж и зэфIэкIыр иджыпстукIэ здынэсыр кърапщытэн папщIэ зэныбжьэгъугъэ зэIущIэхэри ирагъэкIуэкIащ.

ЯпэщIыкIэ, дыгъэгъазэм и 17-м, ЕсэнтIыгу къалэм «Спартак-Налшыкыр» щыдэджэгуащ Ставрополь крайм щекIуэкI зэхьэзэхуэм хэт «Динамо-СУОР»-м. Налшыкдэсхэм я фащэр ящыгъыу зэIущIэр ирагъэжьащ Къумыкъум, КIыщым, Ереминым, Исаевым, Кенжевым, Блийм, ХьэцIыкIум, Пекъум, Мызэушым, Урысым, Ибрэхьимым.

Джэгум и пэщIэдзэм налшыкдэсхэм Iэмал гъуэзэджэ яIащ бжыгъэр къызэIуахыну. АрщхьэкIэ ХьэцIыкIу Амур игъэзэщIа пенальтир къехъулIакъым - я хьэрхуэрэгъухэм я гъуащхьэтетым топым кърагъэзащ. Абы щыгъуэми, «Динамо-СУОР»-м апхуэдэ Iэмал къыщыхукъуэкIым, къигъэсэбэпащ. Ар къыщыхъуар 42-нэ дакъикъэращ.

Загъэпсэхуу къихьэжа иужь зэпэщIэт командэхэм я футболист зыбжанэ яхъуэжащ, псоми



якIэлъыплъыфын хуэдэу. Иджы налшыкдэсхэм яхэтт Каркаевыр, Заниловыр, Жабоевыр, Алюшиныр, ГъущIор, Дзыгулыр, Косован, ПщыхьэщIэр, Черкесовыр, Уваровыр, Лафыщыр.

Джэгум зэрыщIадзэжу, «Спартак-Налшыкым» бжыгъэр зэхуэдэ ищIыжащ. ЗыкIэлъыплъыну кърагъэблэгъа Уваров Валентинщ ар зыхузэфIэкIар.

Аргуэру дакъикъэ зыбгъупщI дэкIри, ди щIалэхэр япэ ищащ. Налшыкдэсхэм метр пщыкIузым и деж щыту аргуэру Iэмал къащыхукъуэкIым, ар Черкесов Iэдэм дзыхь хуащIащ икIи щыуакъым. Арати, 2:1-уэ текIуауэ «Спартак-Налшыкым» и япэ зэныбжьэгъугъэ зэIущIэр крихьэлIащ.

Тхьэмахуэ дэкIри, ди щIалэхэр аргуэру джэгупIэ губгъуэм къихьащ. Налшык и «Спартак» стадионым ахэр щаIущIащ зи ныбжьыр илъэс 27-м щIимыгъуахэр зыхэт Къэбэрдей-Балъкъэрым и командэ къыхэхам. Абы топджэгур зи IэщIагъэхэр хэпщIыкIыу щынэхъыфIащ. Лысенкэ Сослъэн (тIэунейрэ), Хьэшыр Алан, зыкIэлъыплъыну кърагъэблэгъа Урысым дагъэкIа топиплIым жэуап я хьэрхуэрэгъухэм къратафыфакъым икIи «Спартак-Налшыкыр» 4:0-у текIуащ.

Мы зэIущIэм иужь топджэгум дихьэххэм Iэмал яIащ ди командэм и унафэщIхэм зыхуагъазэу, я Iуэху зытетыр зрагъэщIэну. Иджы «Спартак-Налшыкыр» пIалъэ кIэщIкIэ зэбграгъэкIыжащ, ИлъэсыщIэр я унагъуэхэм дэщIыгъуу кърагъэхьэфын хуэдэу. Мыгувэу къызэхуэсыжынурэ зыгъэсэныгъэхэм пащэнущ.

**ХЬЭТАУ Ислъам.**

# БэнакIуэ цIэрыIуэхэр кърагъэблагъэ



**Олимп джэгухэм бэнэкIэ хуитымкIэ я чемпион Сидаков Заурбэч, дунейпсо чемпионатым къыщыхэжаныкIа Шэрий Иналбэч, УФ-м спортымкIэ и мастер Хадарцев Алик сымэ Кэнжэ къуажэм дэт «Вымпел» спорт комплексым мастер-классхэр щрагъэкIуэкIащ япэ лъэбакъуэхэр спортым хэзычэ бэнакIуэ ныбжьыщIэхэм папщIэ.**

ЖЭРДЭМЫР къыхэзылъхьар КъБР-м БэнэкIэ лIэужьыгъуэхэмкIэ и федерацэмрэ «Пять колец» спорт академиемрэщ.

«Нэхъ лъэщ ухъуну ухуеймэ, нэхъ лъэщхэм я гъусэу зыгъасэ, жаIэ. Абы къыхэкIыу, ди сабийхэм я сэбэп зыхэтлъагъуэ сыт хуэдэ Iуэхури къызыдогъэпэщ. Узыдэплъеин, щапхъэ къызытепхын бэнакIуэхэр диIэщ, ауэ спорт утыкухэм нобэ щыпэрытхэм я гъусэу загъэсэну апхуэдэ Iэмалхэр ди сабийхэм епта иужь, я лъэр нэхъри жан мэхъу.

НыбжьыщIэ цIыкIухэм папщIэ, семинар едгъэкIуэкIыну къыхэтлъхьащ, спортым ахэр дедгъэхьэхын, ягухэр къызэщIэдгъэнэн, текIуэныгъэ инхэм тедгъэгушхуэн мурадкIэ», - жиIащ УФ-м щIыхь зиIэ и тренер, «Пять колец» спорт академием и унафэщI, КъБР-м и Парламентым и депутат Ахъмэт Амир.

Зэхьэзэхуэм кърихьэлIахэм яхэтащ УФ-м ММА-мкIэ спортым и мастер Сумаев Ислъам икIи Олимп джэгухэм я чемпионым и бэнэкIэм кIэлъыплъащ, абы и Iэмал гуэрхэми зыщигъэгъуэзащ. «Сэ сфIэхьэлэмэтщ абы и хьэл-щэныр, бэнэкIэр, утыку итыкIэр. ИкIи абы и сэбэпынагъ куэд къызэкIыну, лъагапIэщIэхэм сытригъэгушхуэну, къару нэхъыбэ къысхилъхьэну согугъэ», - жиIащ абы.

Сидаков Заурбэч зыдэлэжьа щIалэ цIыкIухэм щхьэкIэ жиIащ абыхэм зэчий зэрабгъэдэлъыр, езым и бэнэкIэ Iэмал яригъэлъэгъуахэр псынщIэу къызэрапхъуэтар, зэрыгурыхуэхэр икIи зэрыжыджэрхэр. Къыхигъэщащ мыпхуэдэ зэхуэсхэми мыхьэнэшхуэ зэраIэр.

«Тренерым ущигъасэм деж - ар зыщ, утыкум къихьэу нобэ банэ спортсменым и Iэмалхэр щыуигъэлъагъум деж - ар нэгъуэщIщ. Сабийм нэхъыфIу ар зыхещIэ икIи къепхъуатэ», - жиIащ Сидаков Заурбэч икIи гугъэ ищIащ, хабзэ хъууэ, мыпхуэдэ зэхуэсхэр илъэс къэс ирагъэкIуэкIыну.

ЗэIущIэм кърагъэблэгъащ икIи щагъэпажащ тхэквондомкIэ Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ (ВТФ) УФ-м щэнейрэ и чемпионхэу, дунейпсо классымкIэ спортым и мастерхэу Багъ Идаррэ Бекъул Миланэрэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, Багъыр Европэм и чемпион мы гъэм хъуащ, Бекъулыр - дунейпсо чемпионатым етIуанэ, абы къыкIэлъыкIуэу екIуэкIа цIыхубзхэм я дунейпсо чемпионатым япэ увыпIэхэр къыщихьащ. НэгъуэщI зэхьэзэхуэшхуэхэми мызэ-мытIэу тIури къыщыхэжаныкIащ. Абыхэм ядэлажьэр Ахъмэт Амирщ.

**ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.**


Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.300
Заказыр №2809

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту яттхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленином и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А